ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№19 (24.925) • 2026 гъэм мазаем (февралым) и 17, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-IуэхущIапIэхэм къызэратамкIэ

Лъэпкъхэр нэхъри зэкъуоувэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм, гуфIэгъуэ щытыкIэм иту, къыщызэIуахащ Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсыр. Налшык дэт Музыкэ театрым щекIуэкIа пшыхьыр, шэч хэмылъу, ди къэралым и сыт хуэдэ щIыналъи щыпсэу лъэпкъхэр зэрыIыгъыным, я зэхуаку пщIэрэ зэныбжьэгъугъэрэ дэлъыным я дамыгъэщ.

ТЕАТРЫМ и пэIущIэ пэшым деж гъэлъэгъуэныгъэхэр щекIуэкIырт. КъБР-м и районхэм къикIахэм утыку кърахьат зыхуэIэкIуэлъакIуэ цIыхубэ IэпщIэлъапщIагъэхэр. ПлIанэпэхэр къулейт арджэнхэмкIэ, сурэтхэмкIэ, дыщэидэкIэ хэдыкIа хьэпшыпхэмкIэ, нэгъуэщI куэдымкIи.

ЦIыхушхуэ щызэхуэсат зэIущIэр щекIуэкI IуэхущIапIэм. Дэтхэнэми и нэгум къищырт гуфIэгъуэ, дэрэжэгъуэ, зы гуапагъэ гуэрым зэрыпэплъэр, зэрыщыгугъыр IупщIу. Зи лъахэр, щэнхабзэр фIыуэ зылъагъуу, къыдэпсэу лъэпкъхэм пщIэ хуэзыщIу пшыхьым зыкърезыгъэхьэлIахэр куэдрэ пэплъэн хуей хъуакъым гуапагъэм – хъуэхъу псалъэ дахэхэмрэ макъамэ гуакIуэмрэ щызэхэухуэна пщыхьэщхьэр щIидзащ. Ар къызэIуахащ «Я, ты, он, она – вместе целая семья» макъамэ-къафэ лэжьыгъэмкIэ. Абы къыкIэлъыкIуащ псори щыту зэдэIуа Урысей Федерацэм и гимныр.

Утыкум кърагъэблэгъащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Казбек**.

- Мазаем и 6-м УФ-м и Президент Путин Владимир иригъэжьащ ди къэралым щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсыр щIыналъэхэм къыщызэIухыныр. Чэзур дэ къытлъысащи, ди гуапэу а къалэныр догъэзащIэ, - жиIащ Iэтащхьэм. - Лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэращ ди къулеягъэ нэхъыщхьэр. Лъэпкъ куэду зэхэс ди цIыхухэр сытым дежи псэущ гуапагъэмрэ захуагъэмрэ ягу илъу. Ди лъахэм и къэкIуэнум папщIэ зэкъуэувэныр, зым и Iуэху адрейм диIыгъыныр я хабзэщ. Зэкъуэтыныгъэращ ди къэрал иным ис лъэпкъхэр ижьижьыж лъандэрэ къадэгъуэгурыкIуэ хабзэхэм тету псэуныр, урысей къэралыгъуэр хъумэныр яхуэзэфIэзыгъэкIар. Ди къежьапIэм, ди къуэпсхэм дакъыкъуэпчыфынкIэ Iэмал иIэкъым. ГъэунэхупIэ зэмылIэужьыгъуэхэм дыщрагъэувэ, ди зэкъуэтыныгъэм и быдагъыр къыщапщытэ нобэрей махуэм щынэхъыщхьэщ дзыхьыр, зэгурыIуэр, зэхуэшачэр, зэныбжьэгъугъэр. Ди къэралым и тхыдэм, абы къыпкърыкI дерсхэм псом хуэмыдэжу пщIэ щахуэтщIын хуей зэманщ. Хабзэр, зэныбжьэгъугъэр, зэкъуэшыныгъэр ди тегъэщIапIэрэ зэкъуэтыныгъэмрэ зэгурыIуэмрэ дгъэлъапIэу дыщыпсэун хуей пIалъэщ. Дрогушхуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэр, сыт хуэдэу Iуэхур къекIуэкIми, ди адэшхуэхэм ята «ИгъащIэкIэ Урысейм дыщIыгъуу!» псалъэ быдэм зэрытетым. Абыхэм уэсяту къытхуагъэнащ ди хэкур фIыуэ тлъагъуну. Мызэ-мытIэу дэ хьэкъ тщащIащ Хэкум хуаIэ фIылъагъуныгъэмрэ лъэпкъхэр зэрызэкъуэувамрэ куэд зэрахузэфIигъэкIар. Мис а зэманхэм я зэпыщIапIэр зэи къэтIасхъэркъым, махэ хъункIи Iэмал иIэкъым.

АдэкIэ КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщащ Хэкум и хъумакIуэхэм сыт хуэдэ зэмани пщIэ яхуэтщIын зэрыхуейр, ахэр зыщыдгъэгъупщэнкIэ Iэмал зэримыIэр. Хэку зауэшхуэм щыгъуэ ди лъахэм и щхьэхуитыныгъэм щIэбэнахэми иджыпсту Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхахэм хэт ди щIалэхэм къытхуащIэри къэтлъытэн, къыдгурыIуэн зэрыхуейр. «Абыхэм яхэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэ пажэхэр, нэгъуэщI лъэпкъхэм щыщ щIалэхэм ябгъурыту къэралым ирата тхьэлъанэ псалъэм тетщ, зы мэскъалкIи къимыкIуэту зэуапIэм Iутщ, Урысейм и щхьэхуитыныгъэр яхъумэри. Ахэр псори зэрешалIэ ди лъахэм и къэкIуэнум зэрытегузэвыхьым, я пщэрылъым зэрыхуэпэжым, Хэкур фIыуэ зэралъагъум. Абыхэм иропагэ ди республикэри ди къэралышхуэри. Абыхэм я фIыгъэкIэщ лъэпкъ щIэинхэр зэрытхъумэфынур, зыми къримыгъэкIуэтыфын къэралыгъуэ лъэщу дызэрыщытыр хьэкъ зэрытхуэщIынур», - къыпищащ КIуэкIуэм. И псалъэхэм я кIэухыу фIыщIэ яхуищIащ зэIущIэм зыкърезыгъэхьэлIа псоми.

Махуэшхуэ концертым хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и творческэ гуп нэхъыфIхэмрэ гъуазджэм и лэжьакIуэ цIэрыIуэхэмрэ. Ахэр Батыр Мухьэдин, Жабоевэ Замирэ, Мэкъуауэ Астемыр, Бэчхэ Азэмэтрэ Ренатэрэ, «Кабардинка», «Балкария», «Терские казаки» гуп цIэрыIуэхэм, нэгъуэщI куэдми. Утыкур ягъэдэхащ унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр зиIэ уэрэдхэмрэ къафэхэмкIэ, классикэ, цIыхубэ макъамэхэмкIэ.

Лъэпкъхэр зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу, зэхуэшачэрэ зэхуэгуапэу псэуныр зи джэлэс пщыхьэщхьэр дэрэжэгъуэкIэ гъэнщIат. Ар дахэу, екIуу, гукъыдэжыр къиIэту зэрекIуэкIам хуэдэу, дэтхэнэ зы лъэпкъри фIыгъуэ щымыщIэну, къэралым и щэнхабзэ, гъуазджэ, псэукIэ зэIузэпэщыгъэм хуэунэтIа зы Iуэху яужь диту дызэдэпсэуну!

ИСТЭПАН Залинэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ*.

Зэгъэпэщыжыныгъэ щрагъэкIуэкIа IэнатIэхэр зрегъэлъагъу

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек зригъэлъагъуащ сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзэу зэрагъэпэщыжа, Налшык къалэ дэт психоневрологие интернатыр.

ЛЭЖЬЫГЪЭХЭР ирагъэкIуэкIащ «ЦIыхухэр социальнэу дэIыгъын» къэрал программэмкIэ. Ухуэныгъэм и унащхьэр, унэ гупэр, пэшхэр, инженер коммуникацэхэр къагъэщIэрэщIэжащ. Гулъытэ нэхъыбэ хуащIащ пщэфIапIэмрэ псэупIэ пэшхэмрэ. Интернатым щыпсэухэм, абы щылажьэхэм я тыншыпIэм хуэщIауэ псори къызэрагъэпэщащ.

А программэмкIэ зыхуей хуагъэзэжащ Яныкъуей жылэм дэт психоневрологие интернатри. IуэхущIапIэм и лэжьыгъэм зэхъуэкIыныгъэфIхэр игъуэтащ - псэукIэр унагъуэ щыIэкIэм хуэкIуэу къыщызэрагъэпэщащ. Иджы зи щхьэ Iуэху нэхъ дэзыгъэкIыжыфхэм Iэмал яIэнущ псэукIэ хабзэхэр зрагъэщIэну, хуэм-хуэмурэ жылагъуэ гъащIэм зэрыхэпсэукIынум зрагъэсэну.

Апхуэдэу республикэм и Iэтащхьэм зыщигъэгъуэзащ Психиатриемрэ наркологиемкIэ республикэ центрым и корпус нэхъыщхьэм, сабийхэмрэ балигъхэмрэ я къудамэр здэщыIэм щекIуэкIа лэжьыгъэхэм.

1974 гъэм яухуа унэм нэхъапэкIэ зэгъэпэщыжыныгъэхэр щрагъэкIуэкIакъым, кхъахэ дыдэ зэрыхъуам къыхэкIыуи, лэжьыгъэшхуэ ирахьэлIащ. Унащхьэр, бжэ-щхьэгъубжэхэр зэрахъуэкIащ, инженер коммуникацэхэр яхъуэжащ, унэм и щIыби, и кIуэцIи иджырей зэманым екIуу зэрахьащ, къуращIыкIащ.

«Зэгъэпэщыжыныгъэхэр пIалъэ кIэщIым зэфIагъэкIащ. ПсынщIэу икIи егугъуу зэрылэжьам папщIэ ухуакIуэхэм фIыщIэ яхузощI», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

Иджы мы IуэхущIапIэм хэтщ щIыналъэм и сабий психиатрие IэнатIэ псори зэгъэщIылIэжа, Сабийхэм я психикэ узыншагъэмкIэ центр. Абы щолажьэ Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI сабий психиатрхэр, наркологхэр, педиатрхэр, логопедхэр, психологхэр, гъэсакIуэхэр, егъэджакIуэхэр.

Къудамэм хэтщ сабий психиатрие поликлиникэ, жэщ-махуэ, махуэ стационархэр, щрагъаджэ классхэр, щыджэгу пэшхэр, шхапIэ, тыншыпIэм хуэщIа палатэхэр, зытхьэщIыпIэхэр. ПщIантIэм къыщызэрагъэпэщащ дунейр щыхуабэми щыщIэIэми сабийхэм къыщакIухьын утыкухэр. Центрым и дыхьэпIэм абы щылажьэхэмрэ къекIуалIэхэмрэ папщIэ машинэ гъэувыпIэ щащIащ.

Мы Iуэхум трагъэкIуэдащ сом мелуан 82,5-рэ, ар республикэ бюджетым къыхэкIащ. АдэкIэ балигъхэм щеIэзэ къудамэр зэрагъэпэщыжынущ.

ИужькIэ республикэм и Iэтащхьэр щыIащ Узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэм щеIэзэ республикэ клиникэ сабий центрым и къудамэу Александровкэ хьэблэм дэтым. НэхъапэкIэ ар хэтащ балигъхэм я поликлиникэм, метр зэбгъузэнатIэу 103-рэ иубыду икIи сабий мин 6,6-м щIигъу щыпсэу хьэблэм дежкIэ мащIэт.

УФ-м и Президент Путин Владимир и жэрдэмкIэ къыхалъхьа, «ГъащIэ кIыхь икIи жыджэр» лъэпкъ проектым хыхьэ, «ЦIыхухэм япэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэр щрат IуэхущIапIэхэр къэгъэщIэрэщIэжын» программэм и фIыгъэкIэ гугъуехьыр зэфIахащ. Иджы сабийхэм я узыншагъэр тыншыпIэ псоми хуэщIа IуэхущIапIэм къыщапщытэ, зыхуэныкъуэ дэIэпыкъуныгъэхэр ягъуэт хуащ. Сабий поликлиникэр нобэрей IэмэпсымэхэмкIэ, унэлъащIэкIэ къызэгъэпэщащ, псори медицинэ технологиещIэхэм я мардэм тетщ.

ЛIыхъужьхэм нобэми дрогушхуэ

Илъэс къэс мазаем и 15-м ди къэралым ягу къыщагъэкIыж хамэ щIыпIэхэм дзэ къулыкъур щезыхьэкIыу хэкIуэдахэр. КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек а махуэм ирихьэлIэу цIыхухэм зэрызахуигъазэ тхыгъэ кърилъхьащ МАХ-м щиIэ напэкIуэцIым.

«ИЛЪЭС 37-кIэ узэIэбэкIыжмэ, советыдзэхэм я иужьрей гупхэм къызэпаупщIыжащ Афганистаным и гъунапкъэр.

Дэ пщIэшхуэ яхудощI ди сэлэтхэмрэ офицерхэмрэ къагъэлъэгъуа лIыхъужьыгъэм, Хэкум и пащхьэм щаIэ къалэным щIыхь пылъу зэрыхуэпэжам.

Тщыгъупщакъым икIи догъэлъапIэ Хэкум и сэбэп зыхэлъхэм я щхьэщыжакIуэхэу зи къалэнхэр хахуэу зыгъэзэщIахэр.

ЗауэлI-интернационалистхэр хэкупсагъэм, дзэ зэкъуэшыныгъэм я щапхъэ нэсу щытщ. Дзэ зэпэщIэтыныгъэхэм я ветеранхэр мы зэманым жыджэру хэтщ жылагъуэ гъащIэм, сыт хуэдэ къэхъукъащIэми езыхэм я Iуэху еплъыкIэ зэрыхуаIэжыр къагъэлъагъуэу апхуэдэщ, республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ хъумэным хэлъхьэныгъэшхуэ хуащI.

Си гум къыбгъэдэкIыу сынывохъуэхъу фыузыншэну, сыт и лъэныкъуэкIи фи Iуэхухэр ефIэкIуэну. Ди зауэлI-интернационалистхэм я лIыхъужьыгъэхэм дрогушхуэ!» - щыжиIащ республикэм и Iэтащхьэм и тхыгъэм.

Мазаем и 15-м Налшык и Дэшхуей хадэм, Афганистаным щекIуэкIа дзэ зэпэщIэтыныгъэм щыхэкIуэда зауэлI-интернационалистхэм я фэеплъым деж, щызэхэтащ хамэ щIыпIэхэм дзэ къулыкъур щезыхьэкIахэу дунейм ехыжахэр ягу къыщагъэкIыжа пэкIу. Абы зэхуишэсат ветеранхэр, лIыхъужьхэм я унагъуэхэм щыщхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр. Къызэхуэсахэм я пащхьэм къыщыпсэлъащ афган зауэм и гугъуехьхэр я щхьэкIэ, я псэкIэ зыгъэвахэр, мамырыгъэм и лъапIагъымрэ хэщIыныгъэм и гуауагъэмрэ зыхэзыщIэхэр.

«ЗауэлI зэкъуэшыныгъэ» ветеранхэм я урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и гъэзэщIакIуэ гупым и унафэщI, афган зауэм хэта Абэнокъуэ Владимир и гум къыбгъэдэкI псалъэхэмкIэ захуигъэзащ къызэхуэсахэм: «Ныбжьэгъу лъапIэхэ, нобэ дэ мыбдеж дыкъыщызэхуэсащ ди ныбжьэгъу хэкIуэдахэм я фэеплъым ди щхьэхэр яхуэдгъэщхъын папщIэ. Илъэс 37-рэ дэкIащ дэ а щIыналъэм дыкъызэрикIыжрэ, ауэ афганым и жьыр нобэми къытщIеху, ди гум къонакъуэкъу. Дэ дощIэж дэтхэнэ зы махуэри, дэтхэнэ зауэри, дэтхэнэ хэщIыныгъэри. Дэ тщыгъупщакъым зи унагъуэхэм къэзымыгъэзэжа ди ныбжьэгъухэр. ЗызэщIэдгъакъуэу дызэрывгъэIыгъ, а фэеплъыр къытщIэхъуэ щIэблэхэми тIэпахын хуэдэу, мамыр псэукIэм и уасэр зыхащIэн папщIэ».

Дзэ зэпэщIэтыныгъэхэм я ветеран, афган зауэм хэта Габоев Азрэт-Алий игу къигъэкIыжащ и гъуэгуанэм щыщ Iыхьэхэр: «Нобэрей махуэр махуэгъэпсым щыщ зы Iыхьэу аркъудейкъым. Ар къытхэмытыж ди ныбжьэгъухэр дигу къыщыдгъэкIыж махуэ хэхащ. Афганистан... А псалъэр дэркIэ лIыхъужьыгъэм, зэкъуэшыгъэм, хэщIыныгъэ гуауэм я дамыгъэ хъуащ. Дэ гугъуехь куэд къызэднэкIащ, нэхъыбэж ди нэгу щIэкIащ. Нэхъыщхьэрати, дыпсэууэ къэдгъэзэжащ, ауэ дэ зэи тщыгъупщэ хъунукъым а зауэм къимыкIыжахэр. Зыфхуэзгъэзэну сыхуейщ: фи щхьэри фи Iыхьлыхэри фхъумэ. Дэ а тхыдэм и зы налъэу дыхэуващ икIи дахуэфащэу дыщытын хуейщ зи псэр мамыр гъащIэм щIэзытахэм».

Майору милицэм къыхэкIыжа, зауэлI-интернационалист, Урысейм къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и органхэмрэ къэралкIуэцIыдзэхэм я ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Былымгъуэт Беслъэн къыхигъэщащ фэеплъыр хъумэнымрэ зэкъуэтыныгъэмрэ мыхьэнэшхуэ зэраIэр. «Дэ, Афганистан зауэм пхыкIахэм, дощIэ къалэныр, щIыхьымрэ зэхуэпэжынымрэ зищIысыр. Дэ тщыгъупщакъым Iэщэ яIыгъыу я дзэ къалэныр и кIэм нэсу зыгъэзэщIахэр. Сэ ветеран псори фыкъызоджэ нэхъ быдэу дызэрыIыгъыну, ди унагъуэхэм дадэIэпыкъун, ди щIалэгъуалэр хэкупсэу, ди адэхэмрэ адэшхуэхэмрэ къагъэлъэгъуа лIыхъужьыгъэм пщIэ хуащIу къэдгъэхъун папщIэ».

ПэкIум хэтахэм мэхъыч удз гъэгъахэр фэеплъым деж щагъэтIылъащ дакъикъэкIи яхуэщыгъуащ фэеплъыр зыхуагъэувахэм. Дей хадэм щекIуэкIа зэхуэсыр щытащ зауэлI къалэныр и кIэм нэсу зыгъэзащIэу зи унагъуэхэм къэзымыгъэзэжахэм хуащI пщIэм и дамыгъэу.

Хэку зауэшхуэм текIуэныгъэ къызэрыщытхьрэ илъэс 80 зэририкъуамрэ Кавказыр щхьэхуит къызэращIыжамрэ я щIыхькIэ, КъБР-м и Парламентым и депутатхэм ирагъэкIуэкI «Зы лъагапIэм къыщыщIэдзауэ адрей лъагапIэм нэс: 510-нэ лъагапIэ, 910-нэ лъагапIэ, 2144-нэ лъагапIэ, 3500 лъагапIэ» фэеплъ Iуэхур. Абы теухуауэ ахэр иджыблагъэ щыIащ Iуащхьэмахуэ районым.

Зыри ящыгъупщакъым

ЗЭХЫХЬЭМ хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ, Осетие Ищхъэрэ-Алание Республикэм и Парламентым и УнафэщI Тускаев Таймураз, Iуащхьэмахуэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Отаров Мухьтар, УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм сэлэтхэр бгылъэхэм хуегъэхьэзырынымкIэ «Терскол» и IуэхущIапIэм и унафэщIым дзэ-политикэ IуэхухэмкIэ и къуэдзэ, майор Лукин Егор, республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм и депутатхэр, щIыпIэ администрацэм, Урысейм и МЧС-м, курыт еджапIэхэм, ЩIалэгъуалэ палатэм, «Мемориал-Эльбрус» лъыхъуакIуэ гупым я лIыкIуэхэр, «Юнармие» урысейпсо дзэхэкупсэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм хэтхэр.

Махуэр ирагъэжьащ Терскол къуажэм Iуащхьэмахуэ лъапэ зыхъума лIыхъужьхэм я фэеплъу дэтым удз гъэгъахэр телъхьэнымкIэ.

Фэеплъыр уахътыншэщ

Фэеплъ зэхыхьэм щыпащащ «Терскол» IуэхущIапIэм. Егоровэ Татьянэ къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ нэгъабэ, Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэр къызэрыщытхьрэ илъэс 80 щрикъуа илъэсым, КъБР-м и Парламентым къызэрыхилъхьар «Зы лъагапIэм къыщыщIэдзауэ адрей лъагапIэм нэсу» Iуэхур. Абы хиубыдэу фэеплъ зэхуэсхэр къыщызэрагъэпэщынущ Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым лIыхъужьыгъэ щызэрахьа и лъагапIэу плIым. Псом япэу ахэр щыIащ Курп лъагапIэхэм - жэпуэгъуэм и 9-м, советыдзэм нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр Кавказым щыщызэтрикъута махуэм.

- Нобэ дыщыIэщ Iуащхьэмахуэ лъапэ - зэхэуэ гуащIэхэр щекIуэкIам, дзэ щIыхьымрэ хахуагъэмрэ я щIыпIэм. Мыбдеж дигу къыщыдогъэкIыж лIыгъэ зыгъэлъэгъуахэр, ТекIуэныгъэ Иныр къытхуэзыхьахэр, - жиIащ Егоровэ Татьянэ. - Хэку зауэшхуэм и тхыдэ напэкIуэцI нэхъыщхьэхэм ящыщщ 1943 гъэм мазаем и 13-р. А махуэм, илъэс 83-рэ ипэ, совет зауэлI-альпинистхэм фашистыдзэм и бэракъхэр Iуащхьэмахуэ и къухьэпIэ лъагапIэм кърадзыхри, нып плъыжь дахэр трагъэувэжауэ щытащ. Ар тыныштэкъым. ЗэрытщIэщи, бгым дунейм и щытыкIэм асыхьэту зыщехъуэж. А махуэхэм Iуащхьэмахуэ борэныр щыетат. А зым урикъунт псэзэпылъхьэпIэ уихуэнымкIэ. Ауэ Iуэхур нэхъри гугъу ищIырт лъагъуэ куэдым лагъым зэрыщIалъхьам. Сакъын хуейт, абы щыгъуэми зэса гъуэгухэм текIыурэ нэгъуэщIхэмкIэ, языныкъуэми уэсукхъуэ къехынкIэ шынагъуэ здэщыIэхэмкIэ, дэкIуейрт. Зы лъэбакъуэкIэ ущыуэнкIэ Iэмал иIэтэкъым. А къалэн мытыншыр ди зауэлI-альпинистхэм пщIэрэ щIыхьрэ пылъу ягъэзэщIат. Кавказыр щхьэхуит ящIыжауэ, Европэм щынэхъ лъагэ дыдэ бгыщхьэм ди къэралым и ныпыр аргуэру щыхуарзэт.

Егоровэм жиIащ Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым щIыналъэ зэпыщIэныгъэхэм, Парламентхэм я зэдэлэжьэныгъэм пащэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

- ИкъукIэ ди гуапэщ мы Iуэхум Осетие Ищхъэрэ-Аланием и Парламентым и УнафэщI Тускаев Таймураз хэтыну къызэрытхуеблэгъар. Ди республикэхэр зэкIэлъыкIуэу, зэныбжьэгъуу къызэдэгъуэгурыкIуащ, а зэхуэщытыкIэхэр дэ тхъумэни едгъэфIэкIуэни хуейщ. Лъэпкъ куэд щыпсэу ди Хэкум фIы къыщехъулIэкIи гугъуехь щыпэщIэхуэкIи дызэгурыIуэу, дызэкъуэту, дызэдэIэпыкъужу дыкъызэрыгъуэгурыкIуар ди щапхъэщи, а хабзэфIхэр ди щIэблэхэми едгъэлъагъупхъэщ, - дыщIигъуащ къэпсэлъам.

Тускаев Таймураз псалъэ щратым жиIащ: «Ди япэ итахэм я лIыгъэм пщIэ зэрыхуэтщIыр, Хэкум и щхьэхуитыныгъэм зи гъащIэр щIэзытахэм я фэеплъыр зэрытхъумэр арауэ къызолъытэ нобэрей Iуэхум и купщIэр. Ди адэжьхэм фашизмэр ягъэкIуэдыным уасэшхуэ щIатащ, ауэ бийм текIуащ. Илъэс пщIы бжыгъэхэр дэкIа нэужьи, абыхэм я лIыгъэр, Хэкум зэрыхуэпэжар ди щапхъэ нэхъыщхьэщ», - къыхигъэщащ хьэщIэм.

Абы жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Осетие Ищхъэрэ-Аланиемрэ зэпыщIэныгъэ быдэ ижь-ижьыж лъандэрэ зэрызэхуаIэр, щIыналъэхэм я хабзэубзыху IуэхущIапIэхэм нэгъабэ Iэ зыщIадза зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ я зэхущытыкIэр нэхъри ирагъэфIэкIуэну зэрамурадыр.

Эльбрус къуажэм дэт курыт школым щIэс ныбжьыщIэхэм къызэхуэсахэр ирагъэплъащ Хэкум и хъумакIуэхэм траухуа «Фэеплъыр уахътыншэщ» литературэ-макъамэ пшыхь дахэм.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Зыри ящыгъупщакъым

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Къызэхуэсахэм гулъытэ хэха хуащIащ «Мемориал - Эльбрус» лъыхъуакIуэ гупым и лэжьыгъэм. 2012 гъэм щегъэжьауэ гупым зекIуэ 134-рэ къызэригъэпэщащ, зауэлI 410-м я къупщхьэлъапщхьэхэр щIалъхьэжащ, 56-м я цIэунэцIэхэр ягъэбелджылащ.

Гупым и лэжьыгъэфIым папщIэ, «Фэеплъым и Вахтэ - Эльбрус» Iуэхур гъэ къэс Iуащхьэмахуэ лъапэ щрагъэкIуэкI щIыпIэу хахащ. 2017 гъэм къыщыщIэдзауэ Терскол щрагъэкIуэкI «Заоблачный фронт» дунейпсо дзэ-хэкупсэ фестивалыр. Абы щызэхуос Урысейм и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм я лъыхъуакIуэ зэгухьэныгъэхэмрэ дзэ-тхыдэ клубхэмрэ я лIыкIуэхэр.

Илъэс куэд лъандэрэ жыджэру лъыхъуакIуэ гупым зэрыхэтым, щIалэгъуалэр хэкупсэу гъэсэным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищIым пэкIуэу, КъБР-м и Парламентым и дамыгъэ нэхъыщхьэр иратащ Урысей дзэ-тхыдэ зэгухьэныгъэм хэт, «Мемориал-Эльбрус» лъыхъуакIуэ гуп» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Тыл ФатIимэт.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и фIыщIэ тхылъыр иратащ Толгуровэ Жаннет - Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм щэнхабзэмкIэ и управленэм и унафэщIым.

Паспортхэр ират

А махуэм Урысей Федерацэм и цIыхум и дэфтэр нэхъыщхьэр Iуащхьэмахуэ районым и школакIуэхэм иратащ.

ЩIалэгъуалэм защыхуигъазэм, Егоровэ Татьянэ жиIащ паспортыр къыIэрыхьэныр дэтхэнэ цIыхуми и гъащIэм мыхьэнэшхуэ щызиIэу зэрыщытыр: «Республикэм и Парламентым хабзэ дахэ иIэщ - ди къэралым и фэеплъ махуэхэм ирихьэлIэу, Урысей Федерацэм и цIыхум и паспортхэр ныбжьыщIэхэм етыныр. «Зы лъагапIэм къыщыщIэдзауэ адрей лъагапIэм нэс» Iуэхур здедгъэкIуэкIым иджыри зы хабзэ къэунэхуауэ жыпIэ хъунущ - КъБР и Парламентым и унэм и мызакъуэу, лIыхъужьыгъэм епха ди щIыпIэхэми паспортхэр щеттыныр. Зауэ щIыхьым и щIыпIэхэм нэхъ гуащIэу щызыхыбощIэ зэманхэм, щIэблэхэм я зэпыщIэны-гъэр. Сыхуейщ ди Хэкум и текIуэныгъэ инхэм хуэфащэу, абы и ехъулIэныгъэхэм пызыщэн ди щIэблэр тхуэхъуну».

Зэкъуэш республикитIым я хабзэубзыху IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэм еджакIуэ 11-м иратыжащ УФ-м и цIыхум и дэфтэрыр. НыбжьыщIэхэм псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ КъБР-м и Парламентым и депутат, сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я «Пашэхэм я зэщIэхъеенычыгъэ» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Шыпш Аслъэн.

Ягъэлъапlэ

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ лъыхъуакIуэ гупхэм хэтхэм фIыщIэ яхуищIащ, Хэку зауэшхуэм и лIыхъужьхэм я фэеплъыр хъумэным теухуауэ лэжьыгъэшхуэ зэращIэм папщIэ. Абы хабзэубзыху IуэхущIапIэм и дамыгъэхэр яритащ «Мемориал - Эльбрус» гупым нэхъ жыджэру хэтхэм.

- Дзэзешэ цIэрыIуэ Суворов Александр жиIат: «Зауэр щиухар иужь дыдэу хэкIуэда зауэлIыр щыщIалъхьэжарщ». Ноби ди зэхыхьэм хэтщ а псалъэхэр зи гъуазэу щыт цIыхухэр. Къэлъыхъуэныгъэрлэжьыгъэшхуэщ, зэзэмызи гъащIэм дежкIэ шынагъуэщ, а Iуэхум хэтхэм я нэхъыбэри я лэжьыгъэм е еджэным къыщыдэхуэм мыбы зрагъэлIалIэу аращ. Абыхэм куэдкIэ я фIыгъэщ зыхуэфащэхэр тхыдэм къызэрыхэнэр, а лIыхъужьхэм ятеухуа хъыбар жылагъуэм зэралъэIэсыр. Тхыдэ фэеплъыр хъума хъунымкIэ, захуагъэр зэфIэгъэувэжынымкIэ, щIэблэр гъэсэнымкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ а лэжьыгъэм, - жиIащ Егоровэм.

ЩIэблэр хэкупсэу гъэсэным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищIым папщIэ, КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъыр хуагъэфэщащ Терскол курыт еджапIэм и унафэщI Залихановэ Лейлэ.

Зэхуэсым и кIэм Егоровэ Татьянэ жиIащ: «Ди цIыхубэм Хэку зауэшхуэм щызэрихьа лIыгъэр зэи щыгъупщэнукъым. Ноби урысей дзэм и хабзэхэм тету, дзэ Iуэху хэхам щыIэ ди щIалэхэр зи щхьэ къэзыIэтыж нацизмэм пэщIэтщ, цIыху псоми я зэхуэдэ лъапIэныгъэхэр хъумэн, лъэпкъхэм я щхьэ и унафэ ящIыжу псэун папщIэ. Абыхэм я лIыгъэм дрогушхуэ икIи ТекIуэныгъэр диIэу псынщIэу ахэр унэм къэкIуэжыным дыпоплъэ!»

Тускаев Таймураз КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым иджыри зэ фIыщIэ къыхуищIащ Iуэху щхьэпэм хэтыну къызэрырагъэблэгъам папщIэ: «Лъэпкъ куэду зэхэт ди къэралым и лъабжьэр быдэщ, абы щыпсэухэр дызэкъуэтщи. Ар зи фIыгъэр ди тхыдэшхуэрщ, щэнхабзэ телъыджэхэрщ, хабзэ дахэхэрщ. ИкъукIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ а лъапIэныгъэхэр ди бынхэм едгъэхъумэным. Нобэ ди нэгу щIэкIащ щIалэгъуалэр гъэсэным, хьэл-щэн нэхъыфIхэр яхэлъхьэным хуэгъэзауэ мы еджапIэм лэжьыгъэфI зэрыщекIуэкIыр. Уэрэд купщIафIэхэр зыгъэзащIэ мы сабийхэм фIыуэ ялъагъунущ я щIыналъэр, я къэралыр икIи, шэч къытесхьэркъым, лъагапIэ инхэм зэрынэсынум, цIыху тэмэм къазэрыхэкIынум. ФIыщIэ яхузощI еджапIэм и унафэщIхэмрэ и лэжьакIуэхэмрэ», - жиIащ хьэщIэм.

Тускаев Таймураз IуэхущIапIэм тыгъэ хуищIащ Осетие Ищхъэрэм и щIэныгъэлI, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ, илъэс куэдкIэ Осетие Ищхъэрэ къэрал университетым и ректору щыта Магометов Ахъурбэч и тхылъыр. «Разгром немцев под Владикавказом» лэжьыгъэр Кавказым папщIэ екIуэкIа зауэм теухуащ. Ар фэстыну сыхуейщ, фэеплъыр адэкIи хъума хъун папщIэ», - къыхигъэщащ Тускаевым.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ я тыгъэхэр ярityжащ Эльбрус къуажэм и курыт школымрэ «Терскол» IуэхущIапIэмрэ.

Эльбрус къуажэм и IуэхущIапIэхэм

Депутатхэр щыIащ Эльбрус жылагъуэм и IуэхущIапIэ зыбжанэм.

ЗэхъуэкIыныгъэшхуэхэр къыщыхъуащ «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ Iуэхум ипкъ иткIэ зэрагъэпэщыжа къуажэ школым. Иджырей классхэм, къагъэщIэрэщIэжа спорт пэшымрэ шхапIэмрэ ягъуэта теплъэм депутатхэр арэзы техъуащ.

Апхуэдэуи зыщаплъыхьащ ЩэнхабзэмкIэ унэм. Ар зыхуей хуагъэза нэужь, цIыху кIуапIэ хъужащ. Метр зэбгъузэнатIэ 1200-рэ къызэщIиубыдэу яухуа физическэ щэнхабзэмрэ узыншагъэр егъэфIэкIуэнымкIэ IуэхущIапIэми (ФОК-м) къуажэдэсхэм Iэмал къаритащ спорт лIэужьыгъуэ зэхуэмыдэхэм зыщыхуагъэсэну. Нэхъыщхьэращи, зи узыншагъэм сэкъат иIэхэри абы екIуэлIэфынущ.

Депутатхэм къыхагъэщащ щIыналъэхэм зауэжьынымкIэ апхуэдэ IуэхущIапIэхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр.

Бгы музей нэхъ лъагэ дыдэ

Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр къызэрыщытхьрэ илъэс 80 зэрырикъуамрэ Кавказыр нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм къызэрыIэщIахыжамрэ теухуа «Зы лъагапIэм къыщыщIэдзауэ адрей лъагапIэм нэс» фэеплъ Iуэхум хыхьэу, 1941 - 1945 гъэхэм Iуащхьэмахуэ лъапэ зыхъума лIыхъужьхэм я фэеплъ нэхъ лъагэ дыдэм (метр 3500-рэ) удз гъэгъахэр щагъэтIылъащ.

РеспубликитIым я депутатхэр щыIащ ЗыхъумэжынымкIэ Iуащхьэмахуэ лъапэ и музейми.

ЩэнхабзэмкIэ унэм

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэрэ Осетие Ищхъэрэ - Аланием и хабзэубзыху IуэхущIапIэм и УнафэщI Тускаев Таймуразрэ депутатхэм я гъусэу зыщаплъыхьащ Кулиев Къайсын и цIэр зэрихьэу Тырныауз къалэм дэт ЩэнхабзэмкIэ унэ зэрагъэпэщыжам.

1969 гъэм яухуа унэр 2023 гъэм къызыхуэтыншэу зыхуей хуагъэзащ «Къуажэхэм зегъэужьын» программэмкIэ. IуэхущIапIэм тхыдэ къулей иIэщ. Иджыпсту абы щолажьэ художественнэ самодеятельностым и гупжьейуэ 6-рэ унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ клуби 5-рэ. Метр зэбгъузэнатIэ мини 5-м щIигъу хъу унэм пэши 4, музей, библиотекэ хэтщ. Мы уардэунэр Кавказ Ищхъэрэм и щэнхабзэ IуэхущIапIэ нэхъ инхэм ящыщщ.

Депутатхэр епсэлъащ IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ гупымрэ гупжьейхэм екIуалIэ сабийхэмрэ.

Хабзэубзыху IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэм къыхагъэщащ апхуэдэ щэнхабзэ центрхэр хъумэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр, зыгъэпсэхупIэ къудей мыхъуу, ахэр щIэблэр щагъасэ, гъуазджэмрэ тхыдэмрэ фIыуэ щрагъэлъагъу утыкууи зэрыщытыр.

Мэзыхьэ Борис и цIэкIэ ягъэуващ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и жэрдэмкIэ, Мэзыхьэ Борис (1940 - 2020) и цIэкIэ саугъэт ягъэуващ ар илъэс 85-рэ щрикъуа гъэм. «Адыгэ псалъэ» газетым и хьэщIэщым япэу тыгъэ зыхуагъэфэщахэр щагъэлъэпIащ.

«КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и журналистикэми адыгэ литературэми хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа Мэзыхьэ Борис и цIэкIэ саугъэт игъэувыну Журналистхэм я зэгухьэныгъэм къыщыхилъхьэм, ар езы тхакIуэм и унагъуэми къыддиIыгъри, щIыхь тхылъ къудей мыхъуу, саугъэтыр зыхуагъэфэщахэм мылъку тыгъи дэщIыдгъуну Iэмал къыдатащ. Япэу ар зыхуэдгъэфэща ДыщэкI Сонярэ Уэрдокъуэ Женярэ *(сурэтым)* илъэс 50-м щIигъуауэ щыIэщ адыгэ газетым, Мэзыхьэ Борис нэхъыфIу зыцIыхуахэм, и лэжьэкIэр фIыкIэ зыгъэунэхуахэм ящыщщ», - жиIащ КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Жыласэ Заурбэч, саугъэтыр зратахэр утыкум къыщришэм. - Мэзыхьэ Борис къаруушхуэ тригъэкIуэдащ республикэм и журналистхэм я лэжьыгъэр зэкъуигъэувэным. Езыр УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и къэрал советым хэту, КъБР-м щылажьэ къудамэм и Iуэхур илъэс 35-кIэ зэрихьащ».

«Мэзыхьэ Борис фIыкIэ сигу къинэжащ, - пэджэжащ абы и псалъэм Уэрдокъуэ Женя. - Абы и фIыгъэщ адыгэхэр щыпсэу республикищым я газетхэм я лэжьыгъэр зэуIуу, номер зэхэтхэр къыдагъэкIыу зэрыхъуар, нобэми абы дытетщ».

«Уэрдокъуэм и пщэ дэплъхьа лэжьыгъэм укIэлъымыплъыжми хъунущ», - хужиIэрт абы а зэманым «Ленин гъуэгу» цIэр зезыхьа газетым и редактор нэхъыщхьэу щыта Мэзыхьэ Борис.

ДыщэкI (ПхытIыкI) Соня фIыщIэ псалъэкIэ Мэзыхьэ Борис и щIэблэм захуигъэзащ: «Борис и псэр Тхьэм щигъэгуфIыкI мы тыгъэ ягъэувам, ди гуапэу дыдэлэжьащ, дыхуэарэзыщ, и ахърэтыр нэху Алыхьым ищI».

Соня жэуап зыхь секретарым и къуэдзэмрэ корректорымрэ я IэнатIэхэр здехь дызэрыт зэманым. Тхыгъэм и купщIэми и мыхьэнэми щIэджыкIакIуэр нэмысынкIи хъунущ, ар нэм зыкъыщIидзэу, укъезыгъэджэн сурэти дэщIыгъуу газетым пхуимыгъэувэмэ. Аращ газетым и теплъэмрэ и щыуагъэншагъэмрэ кIэлъыплъхэм я пщэ къыдэхуэ къалэныр тынш дыдэу жозымыгъэIэр. Ди лэжьэгъур абы хуэIэижь къудей мыхъуу, щытхъу иIэу, Iуэхур зэфIегъэкI.

АдэкIэ журналист утыкум къырагъэблэгъащ «Адыгэ псалъэм» и лэжьакIуэхэм щIэуэ къахэхъуа, нобэ япэу гупым и пащхьэ ираша ШэрIужь (Шыпш) Даянэ. КъБКъУ-м филологиемкIэ и факультетыр къэзыуха хъыджэбзым редакцэм япэу щича лъэбакъуэхэр, нэхъ пэжу жыпIэмэ, япэу къыщритхъа сатырхэр е къыщищыпа хьэрфхэр ди жьантIэдэсхэр щыдгъэлъапIэ махуэм зэрырихьэлIам редакцэм щытепщэ зэкъуэтыныгъэмрэ нэхъыжь-нэхъыщIэкIэ щызэIэпах нэмысымрэ къигъэщIэрэщIэжащ.

«Адыгэ лъэпкъым гууз-лыуз хуиIэу, анэдэлъхубзэм зезгъэужьарэт, и къэкIуэнур нэхъ дахэ сщIарэт жиIэу къэуващ Даянэ ди редакцэми, Тхьэм и мурадхэр къригъэхъулIэ», - ехъуэхъуащ хъыджэбзым редактор нэхъыщхьэр.

«Сэ сызэрысабийрэ си анэ шыпхъум *(НэщIэпыджэ Замирэ* - **Ч. М.**) сыдэплъейуэ, абы и IэщIагъэм сехъуапсэу, ещхь сыхъуну сыхуейуэ сыкъыдэкIуэтеящ. Иджы си гуращэр къызэрызэхъулIам икъукIэ сыщогуфIыкI», - къыддэгуэшащ Даянэ и гупсысэхэмкIэ.

Дэри ди лэжьэгъущIэм дохъуэхъу къыхиха журналист IэщIагъэм хущIемыгъуэжу, псэ къабзэр и шакъэрэ тхыгъэ гунэсхэр и IэдакъэщIэкIыу, адыгэбзэм и Iэфыр цIыхубэм я пащхьэ изыхьэфхэм ящыщ хъуну.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Музейщ икIи еджапIэ-гъэсапIэщ

Тэрч щIыналъэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Тэрч щIыналъэм лэжьыгъэ Iуэхук!э иджыблагъэ дыщыIати, Тэрч къалэм дэт ТхыдэмкIэ музейм дыIухьащ. IуэхущIапIэм дэ къыщытIущIащ абы и лэжьакIуэхэу Гъыдэ Валерэрэ Джырандокъуэ Антонинэрэ.

ЯПЭУ псэлъэгъу тхуэхъуар Гъыдэ Валерэщ. Ар сурэтыщIщ икIи жылагъуэ лэжьакIуэщ, Тэрч районымрэ езыр къыщалъхуа Къаншыуей (Курп Ищхъэрэ) къуажэмрэ щIыхь зиIэ я цIыхущ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ.

- Мы дыкъызыщIыхьа унэр сыту щыта ипэм?

- Мыр тхылъ щащэ тыкуэну щытащ. Абы ипэжкIэ универмагыу. Унэр жьыщ, дауи. Совет Союзыр щыкъутэжым, тыкуэныр зэхуащIыжати, ухуэныгъэр къэнат нэщIу. Пэнагуэ Максимт район администрацэм и тхьэмадэу абы щыгъуэ тетари, «мы унэр зыгуэрым зыIэримыгъэхьэ щIыкIэ, къэдгъащти, музей дыгъэщI!» жиIат, икIи а жэрдэмыр абы дэтIыгъат.

- Дэгъуэу игу къэкIат а гупсысэр Пэнагуэм!

- АтIэ. Пэжщ, арщхьэкIэ сэри занщIэу иужь сихьакъым а Iуэхум. Зы илъэс нэгъунэ си акъылым зэригъэзэхуагъэнщ, дауэ сщIымэ дауэ хъуну жысIэу. Максим «музей Iуэхум зэи сыхэтакъым, схузэщIэгъэуIуэну си фIэщ хъуркъым!» жесIа щхьэкIэ, «арауэ щытми, тегушхуэ! Сыт ищIыскIи зыпщIэзгъэкъуэнщ!» - жиIэри, хуэмурэ зэдгъэпэщащ. КъыщыщIэддзари мо пэшымкIэщ.

- А плIанэпэм щхьэхуэу къытхутепсэлъыхьыт, Валерэ.

- Абдежыр тхыдэ-этнографие, апхуэдэуи псэкупсэ-гъэсэныгъэ мыхьэнэ зиIэу къыдолъытэ. А пэшым щызэщIэткъуащ нэхъапэхэм адыгэхэм къагъэсэбэпу щыта Iэмэпсымэхэмрэ хьэпшыпыжьхэмрэ.

- Мыбы ипэкIэ дэнэ ущылэжьар?

- Илъэс Iэджэ щIауэ, нобэр къыздэсми, Тэрч район администрацэм щэнхабзэмкIэ и къудамэм сыщыIэщ, «художник-оформитель» IэщIагъэмкIэ. Мы музейр зехьэныр, зыхуей хуэгъэзэныр адрей си къалэнхэм я нэхъыщхьэщ.

- АдэкIэ декIуэтэкIащи, мыбыи къытхутепсэлъыхьыт, Валерэ.

- Хэку зауэшхуэм лIыхъужьыгъэ щызезыхьахэм, хэкIуэдахэм я сурэтхэмрэ ятеухуа хъыбархэмрэ щызэхуэтхьэсыжа плIанэпэщ.

- Блынхэм кIэрыгъэбыда, графикэ щIыкIэм тету щIа сурэтхэмкIэ къэвгъэлъагъуэр сыт, Валерэ?

- Нэхъ лъагэу кIэрыдгъэбыдыхьа сурэтхэмкIэ дэ къэдгъэлъэгъуэну дызыхэтыр цIыхум и гъащIэм папщIи жылагъуэм дежкIи мыхьэнэшхуэ зиIэ унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм я хуэмэбжьымэхэрщ.

- Мыдрей пэшхэм щIэлъхэми, мащIэ-куэдми, я гугъу къытхуэщIыт.

- Егъэджэныгъэ, медицинэм, спортым ехьэлIа унэтIыныгъэхэмкIэ къыхэжаныкIахэм ятеухуа дапхъэщ адэкIэ къыщытыр. Псалъэм папщIэ, мор мэкъумэшым, мыдрейр егъэджэныгъэм, кIэлъыкIуэр узыншагъэр хъумэным, адрейр спортым ятеухуащ. Къыпызыщэ сатырым щызэхэдгъэувахэм яхэтщ ди районым щыщу ди республикэм и мызакъуэу къэрал псом пщIэ щызыгъуэта цIыхухэм я сурэтхэр. КъыжытIэмэ, мо ищхьэмкIэ щыIэхэр «Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ» цIэ лъапIэр зыхуагъэфэщахэрщ, нэхъ и лъабжьэIуэкIэ щIэтхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и гъэсакIуэхэмрэ егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэхэмрэ я сурэтхэрщ.

- Мыхэр зэхуэхьэсынымкIэ, мыпхуэдизу екIуу зэгъэуIунымкIэ хэт музейм къывдэIыпыкъуар?

- Сурэтхэмрэ ахэр зейхэмрэ ятеухуа хъыбархэр зэхуэхьэсынымкIэ а Iуэхум нэхъ хэзыщIыкIхэм, хуэIэижьхэм зыкъытщIагъэкъуащ. ЗэрызэкIэлъыкIуапхъэу зэхэгъэувэныр зи пщэ къыдэхуар сэрати, а лэжьыгъэм илъэсым щIигъукIэ яужь ситащ. Мыри сфIэнэхъыщхьэу къыхэзгъэщынут. Музейм хьэпшыпрэ Iэмэпсымэу щIэлъу хъугъэм къэтщэхуа зыри яхэткъым, псори цIыхухэм тхуэзэхуахьэсащ, къыдатащ, уеблэмэ нобэр къыздэсми къахь. ЗэрыфIлъагъущи, Iэджэ хьэпшыпи щIэлъщ мыбы.

- КъыщахькIэ, сыт жаIэр, Валерэ?

- Къыдатыр зэкIуэцIахыу щыдагъэлъагъукIэ, «мыр ди унащхьэм телъащ, модрейр ди гуэщым щIэлъащи, иджы фи деж щрырeIэ!» - жаIэ, ди деж нэхъ щыхъума хъуну къалъытэу.

- Апхуэдэу дзыхь къызэрыфхуащIыр хъарзынэщ, нэхъыбэми ялъагъунщ хьэпшыпхэр. АтIэ, абы дыщынэсакIэ, районым щыIэ еджапIэхэм щIэс ныбжьыщIэхэри къашэ хъунщ мыбы, щIэлъхэм ирагъэплъыну, фытрагъэпсэлъыхьыну?

- ЩIыналъэм школу иту хъуам щIэсахэми щIэсхэми ящыщу мыбы къэмыкIуа е къамыша яхэткъым. Абы си фIэщу схутегъэчыныхьынущ. Сабийхэр къашэ, щIэлъыр ирагъэлъагъу, зищIысым яхутопсэлъыхь, къыгурагъаIуэ. Араци, а Iуэхур гъэсэныгъэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэщ.

- ЭстетикэкIи, тхыдэкIи, нэгъуэщIхэмкIи жыпIэркъэ?

- Мис мы блыныр зэрызгъэзэщIа Iэмалыр (техникэр) «интарсие» жыхуаIэр аращ. Ищхьэкiэ зи гугъу сщIа, жылагъуэ гъащIэм пыщIа унэтIыныгъэ псори къызэрыризгъэлъэгъуэну, яхуэфащэ дамыгъэхэмкIэ згъэбелджылащ, зэхэзгъэщхьэхукIащ. Абы папщIэ, мо теплъэ зэхуэщхьэхуэу нэм къыIуидзэхэр электричествэкIэ лажьэ, «лобзик» жыхуаIэ пхъэх цIыкIумкIэ къыхэзгъэжщ, зэзгъэуIужри, иужькIэ мо зэрыфлъагъум хуэдэу блыным кIэрызгъэпщIэжащ.

- МыдэкIэ щызэдекIуэкI сурэтхэр хэт сымэ зейр?

- Мыхэр ди районым совет властыр къызэрыщыунэхурэ лIыщхьэу исахэм е мыбы къыщалъхуауэ республикэм IэнатIэ ин щызезыхьахэм я сурэтхэрщ.

- АтIэ, ахэр зэрыщIа щIыкIэр щхьэ зэтехуэрэ, Валерэ?

- Дэтхэнэм и сурэт узэрыхуейуэ бгъуэтыжынт, я фIагъ-инагъкIэ псори зэхуэдабзэу? Арати, къыдахьэлIа-къэдгъуэтыжа дэтхэнэри набдзэгубдзаплъэу зэпэсплъыхьурэ, псоми IэкIэ къатесщIыкIыжащ, зэкIэлъыкIуэу зэдезгъэкIун папщIэ.

АдэкIэ дэ зыхуэдгъэзащ музейм и лэжьакIуэ бзылъхугъэм.

- ЗыкъэдбгъэцIыхуамэ ди гуапэт.

- Джырандокъуэ Антонинэ. Инэхъыбэр къызэрызэджэр Тонящ. Музейм экскурсоводу сыщыIэщ. Балигъыу къакIуэхэми сабийрэ ныбжьыщIэу къыздашэхэми саIуощIэ, къызогъэблагъэри, дапхъэхэм, блынхэм щалъагъухэм сахутопсэлъыхь, я упщIэхэм жэуап язот.

- Зыщызыплъыхьыну къыщIыхьэхэм уадэлэжьэну пфIэфI?

- Дауи, сфIэфIщ. Мис Валерэ ди художникщ. ЦIыхухэр дэзыхьэхыу мы музейм щIэлъ хьэпшып псори дахэрэ зэгъэкIуауэ и пIэ изэгъэнымкIэ фIыщIэ нэхъыбэу зыхуэфащэр аращ, къинэмыщIауэ, абы и Iэзагъэрщ, и гумызэгъагъэрщ. Мыбдежым къызэрыщыхагъэщащи, районым ит школ псоми щIэсхэр чэзу-чэзукIэрэ ди деж къашэ.

- НыбжьыщIэхэм яжефIэр дэнэ къыздифхыр?

- УпщIэ гъэщIэгъуэнщ. Ди нэхъыжьхэм къыджаIэжауэ щытахэм къахыдох. Тхылъхэри ди тегъэщIапIэщ. Ахэри щызэхуэтхьэса хъумапIи диIэщ, мес модрей пэшымкIэ. Зэрыгурыгъуэщи, лъэпкъым (адыгэхэм) ди этнографиеми тхыдэми хэтщIыкIыпхъэщ. Ди щIыналъэм щыщу Хэку зауэшхуэм хэтахэм ятеухуауэ дгъэхьэзыра плIанэпэм щетшалIэкIэ, зи сурэт ялъагъу лIыхъужьхэр къыщыхъуа къуажэр, жылэр дэтхэнэр арами яжыдоIэ, хэкIуэдахэм я щхьэр щагъэтIылъа щIыпIэ жыжьэхэми дахутопсэлъыхь. Мыдрейуэ, Кавказ Ищхъэрэр къатщтэмэ, Тэрч щIыналъэм и гъунапкъэращ нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэр къыщагъэувыIауэ щытар. Абыи нэхъ убгъуауэ и гугъу дощI.

Епсэлъар **КЪУМАХУЭ** Аслъэнщ.

Дунейм щыхъыбархэр

ЩIыналъэщIэхэм ядоIэпыкъу

УФ-м и Президент Путин Владимир Кремлым и уардэунэм щыхуэзащ Урысейм къэрал мылъкур зегъэкIуэнымкIэ и агентствэм и унафэщI Яковенкэ Вадим. ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ блэкIа илъэсым IэнатIэм и лэжьыгъэм кърикIуахэм.

ЯКОВЕНКЭ Вадим жиIащ я IуэхущIапIэм нэгъабэ зыхуигъэувыжауэ щыта къалэнхэр нэсу зэрагъэзэщIар. Абы и псалъэхэм къызэрыхэщамкIэ, а илъэсым ведомствэм къэрал бюджетым игъэкIуащ сом мелард 638-рэ.

Урысейм и Президентым агентствэм и унафэщIым пщэрылъ щищIащ Донецк, Луганск цIыхубэ республикэхэм, Запорожье, Херсон щIыналъэхэм я мылъкухэр зыхуей хуэзэу зегъэкIуэнымкIэ зэрыхъукIэ дэIэпыкъуэгъу яхуэхъуну. Абы и лъэныкъуэкIэ Яковенкэм къыхигъэщащ я IуэхущIапIэм илъэсищкIэ къэралым и щIыналъэщIэхэм я мылъкур зэхэгъэщхьэхукIыным теухуауэ лэжьыгъэ зэрыригъэкIуэкIар.

Экономикэр ирагъэфIакIуэ

Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Голиковэ Татьянэ жиIащ экономикэм щылэжьэну IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырыным бгъэдыхьэкIэщIэхэр къыхуэлъыхъуэн зэрыхуейр.

«ЛЪАБЖЬЭ быдэ зиIэ экономикэ диIэн папщIэ 2030 гъэм ирихьэлIэу а унэтIыныгъэм и IэнатIэ нэхъыщхьэхэм щылэжьэнухэр къызэрыхахым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн хуейщ. IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырыным, абыхэм я Iэзагъэм хэгъэхъуным теухуауэ ирагъэкIуэкIхэр егъэфIэкIуапхъэщ, IэнатIэр зыхуэныкъуэ лэжьакIуэхэр зыхуэдэр Iуэхум къыхэлъытауэ», - жиIащ вице-премьерым.

Абы къыхигъэщащ цIыхухэр лэжьыгъэкIэ къызэзыгъэпэщхэмрэ егъэджэныгъэ IуэхущIапIэхэмрэ зэпыщIэныгъэ куухэр яIэн хуейуэ, апхуэдэуи щIэупщIэ зиIэ IэщIагъэхэм я пщIэр къэIэтыпхъэу.

Мазаем и 17, *гъубж*

♦ **ХъыбарыщIэхэр зегъэкIуэным и дунейпсо махуэщ**

♦ **ГумащIагъэр къэгъэлъэгъуэным и дунейпсо махуэщ**

♦ **1923** гъэм къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и академик **Къумахуэ Башир**.

♦ **1958 гъэм** къалъхуащ журналист, КъБР-м и Правительствэм и саугъэтыр зыхуагъэфэща, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и журналист **Хьэгъундокъуэ Сэлисэт**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 13, жэщым градуси 5 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 3-кIэ зихъуэжынущ.

Дыгъуасэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуащ сабий 25-рэ. Абыхэм ящыщу 10-р хъыджэбз цIыкIущ, 15-р щIалэщ. Мазаем зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 384-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 1179-рэ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Узыпэмылъэщынум зэпэщIумысэ.

Хэхакlуэ ныбжьыщIэм и махуэм

Лъэпкъ библиотекэм

НАЛШЫК дэт Лъэпкъ библиотекэм хабзэ IуэхухэмкIэ и хъыбарегъащIэ центрым, Налшык хэхыныгъэ IуэхухэмкIэ и щыпIэ комиссэм, «Ассоциация юристов России» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм дэщIыгъуу ирагъэкIуэкIащ «Дэ дыхэхакIуэ ныбжьыщIэхэщ» Iуэхур.

Налшык къалэм и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм (ТИК-м) и унафIэщI Нало Николай еджакIуэхэм яжриIащ хэхыныгъэ Iуэхур къызэрызэрагъэпэщ щIыкIэр, Iэ Iэтым кърикIуахэр къызэрабжымрэ къызэралъытэмрэ. Апхуэдэуи ягуригъэIуащ «бюллетень», «тхылъымпIэхэр зралъхьэ ашык», «кандидат», «хэхакIуэ» псалъэхэм къарыкIымрэ ягъэзащIэ къалэнхэмрэ.

НыбжьыщIэхэр ирагъэплъащ «ХэхакIуэ ныбжьыщIэр щыгъуэзэн хуейщ...» фIэщыгъэр зыхуащIа тхылъ-сурэт гъэлъэгъуэныгъэм. НыбжьыщIэхэм хьэщIэхэм ирата упщIэхэр теухуат хэхакIуэхэм яIэ хуитыныгъэхэм, УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэр щыхахкIэ Iэ Iэтыр зэрекIуэкIым, хэхакIуэ ныбжьыщIэхэр зытетын хуей хабзэхэм, нэгъуэщIхэми. ХьэщIэхэм жэуап иратащ еджакIуэхэр зыщIэупщIам.

Прохладнэ щIыналъэм

ПРОХЛАДНЭ районым щагъэлъэпIащ хэхакIуэ ныбжьыщIэм и махуэр. Алътуд дэт курыт еджапIэ №2-м и 8-нэ классым щеджэхэр хэту абы щрагъэкIуэкIащ «Уи хуитыныгъэхэр пщIэн хуейщ» зэIущIэр. НыбжьыщIэхэм гурагъэIуащ хэхыныгъэхэм теухуауэ яIэ хуитыныгъэхэмрэ къалэнхэмрэ. Прохладнэ районым и ТИК-м егъэджэныгъэ IуэхущIапIэхэмрэ библиотекэхэмрэ мы гъэм къриубыдэу иригъэкIуэкIыну и мурадщ Iуэхугъуэ зэхуэмыдэу 100-м нэблагъэ.

Нэхъыщlэ дыдэхэм я деж

НЭХЪ цIыкIу дыдэхэри хагъэгъуэзащ хэхыныгъэ Iуэхум. Налшык сабий сад №5-м хэхакIуэ ныбжьыщIэм и махуэм теухуа Iуэхугъуэ къыщызэрагъэпэщащ. Абы щыIэхэм я ныбжьым къитIэсэн хуэдэу гъэсакIуэхэр тепсэлъыхьащ а Iуэхум. Хэхыныгъэхэр зищIысыр, ар екIуэкIын щIыхуейр, къыдэкIуэтеймэ езыхэри къэралым дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ а Iуэхум зэрыхэтынур жраIащ цIыкIухэм. Дерсым и кIэухыу сабийхэм папщIэ ирагъэкIуэкIащ джэгукIэ гъэщIэгъуэн. Хэхыныгъэхэм, кандидатхэм, къэрал хабзэм теухуауэ зэхагъэува къуажэхьхэр зэпеуэу къащIащ сабийхэм.

ГЪУЭТ Синэ.

Ислъамым и нур



ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар
ЧЭРИМ Мариannэщ

НэщI исыр зэрыщцытыпхъэр

НэщI мазэр къэблэгъэху, хьэлыфI, щэныфIагъ, дэтхэнэ цIыхуми игъэдахэ дуней тетыкIэ зэрызыхэтлъхьэным иужь дитщ. АбыкIэ чэнджэщэгъу къытхуохъу щIэныгъэ зыбгъэдэлъхэмрэ цIыхухэм я гум фIыкIэ къинэжа ущиякIуэхэмрэ. Къэбэрдей-Балъкъэр ислъам институтым и егъэджакIуэхэу Бэлагъы Шэукъийрэ Гуащокъуэ Абдулбакъийрэ зэман зыбжанэ ипэкIэ адыгэбзэкIэ зэрадзэкIауэ щытащ «НэщIыр, ихьтикафыр, бытырыр» тхылъыр, ар я Iэдакъэщ1эк1т дин щIэныгъэлIхэу Iэл-Хьэфизрэ Iэл-Бурхьэнийрэ. Тхылъыр гъуэтыгъуей зэрыхъуам къыхэкIыу, абы нэхъ дызыхуэныкъуэу къытфIэщI чэнджэщхэр къыхэтхащ.

Хьэл-щэныр

УНЭЩIЫНЫМ къикIыр шхэн-ефэныр бгъэувыIэн къудейракъым. Уи нэри зэмыплъыпхъэм емыплъу щымытмэ, бзэгур пцIым, убэным, хъуэнэн-цIэнэным, къимыпсэлъыпхъэхэм щумыхъумэмэ, уи нэщIыр нэгъэса хъунукъым.

Махуэм Iуэхуншэ зэману къыхуихуэхэр джэгун, теун, къинэмыщI жиIэу имыгъэкIуэду, КъурIэн еджэн, зэчыр щIын, Бегъымбар лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам щэлэуат къыхуэхьын хуэдэхэмкIэ игъэкIуэн хуейщ нэщI зыIыгъым. ТIэбэраний къеIуэтэж, ЛIыкIуэ лъапIэм мыпхуэдэу жиIауэ: «НэщI мазэм Алыхь лъапIэр зэчыр зыщIхэм (куэдрэ и цIэ къизыIуэхэм, зигу изыгъэлъхэм) я гуэныхьхэр къахуэгъуащ. А мазэм тхьэ елъэIур хэкIуэдэнкъым, пщIэншэ хъункъым». ЦIыхур зэшмэ, гъуэлъу зытIэкIурэ жейми хъунущ. Сыту жыпIэмэ, нэщI ис цIыхум и жейри дин лэжьыгъэу къэщтэ: абы и зыущэхуныр зэчыру егъэув, и лэжьыгъэфIхэр хуегъэбагъуэ, и духьэхэм къыподжэж. Куэзыр, нард хуэдэхэр, нэщI уимысми къыпхуидэркъым диным. НтIэ, ахэр нэщI мазэшхуэм дауэ къыпхуидэн? Мыпхуэдэ джэгукIэхэр, ахъшэ зэфIэхьэху хэмыту зэштегъэу къудейуэ щытми, къытхуидэркъым ислъамым. Зыгуэр иризэфIэпхьэхуу щытмэ, - ар зы мащIэфащIэ гуэрми - куэзыр, нард хуэдэхэр хьэрэму къелъытэ.

Турыхь нэмэзыр

ТУРЫХЬ нэмэзыр химынэу ищIын хуейщ. Ар уи гуэныхьхэр къыпхуэгъуным щхьэусыгъуэ хуохъу, Iэпкълъэпкъыр жан, пшхар зэгъ ещI. Турыхь нэмэзыр тIысыгъуэ тIощI мэхъу. Алыхьыр арэзы зыхуэхъун щэхьабэхэм зэдащтэу ялэжьу щытари, абыхэм яужькIэ щыIа муслъымэнхэм ялэжьари, иджырейхэр дызытетри а рэкэхьэт тIощIращ. НэщI мазэ жэщыр зэрыбгъэлъэпIэнум я нэхъыфIыр сыт жыпIэмэ, ар турыхь нэмэзырщ.

Щэращыр

ЩЭРАЩ хъужыр жэщым и иужьрей Iыхьэм къриубыдэу укъэтэджыжу зыгуэр уедзэкъэнырщ. Щэращым папщIэ мыпхуэдэу къыжиIащ щэлатымрэ сэламымрэ зэхам: «Щэращ фщIы. Щэращыр берычэтщ. Щэращ фщIы, зы хъурмэ ныкъуэкIэ (зы мащIэфащIэкIэ) нэхъ мыхъуми».

ЩIэныгъэлI Къади Хьияд щэращым къыдэкIуэ фIыгъуэм ехьэлIауэ мыпхуэдэу жиIащ: «Мы берычэтыр зы лъэныкъуэкIэ ахърэтым теухуа берычэтщ. Ари, зэчыр щIын, псапэ нэмэз, тобэ Iистигъфар къэхьыжын хуэдэу, щэращым къэтэдж цIыхум къехъулIэхэрщ. А берычэтыр зы лъэныкъуэкIи дунеягъэм хуэгъэзащ. Ар нэщIымрэ адрей махуэ лэжьыгъэхэмрэ къару зэрыхуэбгъуэтырщ. Мыбы теухуауи мис мыпхуэдэ хьэдис щыIэщ: «Махуэм нэщIынымкIэ жэщ шхэныр зыдэвгъэIэпыкъу». Щэращым Iэпкълъэпкъыр жан ещI. УмэжэлIэщэным къыхэкI хьэл, щытыкIэ Iейхэм уащехъумэ».

Щэращыр зэрыхъукIэ бгъэгувэу, хэщхьэжми уепIэщIэкIыу, дыгъэр къухьэу уахътыр къызэрихьэу ухэщхьэжыныр нэхъ псапэщ.

Турыхьыр жасы нэужьым зыхуэмыщIахэм щэращым деж ящI хъунущ. Нэхулъэ къищIыху пщIы турыхьыр и зэманым пщIа мэхъу».

Зыгъэузыншэным и зы Iэмал

«Аутофагие» псалъэр IыхьитIу зэхэлъщ: «ауто» - езым екIуэлIэж гуэр, «фагие» - шхыжын. Мыхьэнэр къыздрахыр алыджыбзэрщ. А цIэр фIащащ цIыху Iэпкълъэпкъым езым зигъэкъэбзэжыфу зэрыщыт Iуэхугъуэм. Нэхъ бзэ тыншкIэ жыпIэмэ, Iэпкълъэпкъым къыхуэмыщхьэпэж «пхъэнкIийр» езым зэрызыхигъэкIуэдэжын зэфIэкI бгъэдэлъщ. Ауэ ар зэрыщIэбгъэхуэбжьэну щIыкIэм псори щыгъуазэкъым. КъызэрыщIэкIымкIэ, муслъымэн нэщIыр зи гугъу тщIы зыгъэузыншэкIэ Iэмалым и зы лIэужьыгъуэщ. Мы лъэныкъуэм ехъулIэныгъэ нэхъ ин къыщызыгъэлъэгъуар Нобель и цIэр зезыхьэ саугъэтыр 2016 гъэм физиологиемрэ медицинэмкIэ зыхуагъэфэща Осуми Ёсинорищ.

ЦIЫХУ Iэпкълъэпкъым езым зэрызихъумэжыр нэрылъагъущ. Уигу зыхуэкIуэ-зыхуэмыкIуэр, узыхуэщхьэхыр, узытегушхуэр - а псори уифI зыхэлъымрэ зыхэмылъымрэ къэпщIэн папщIэ, узэрыхэдэм и щыхьэтщ. Ауэ зэрызэхэт Iыхьэхэр узыншапэу щытми, пкъым и лэжьэкIэр зэтезыху гуэрхэр къыжьэхэуэ зэпытщ: дыгъэр, щIыIэр, уз зэрыцIалэхэр, зыхэпщIэ гурыщIэ хьэлъэхэр, къинэмыщIхэр. Хуэмурэ пкъым и налъэ узыншэхэри къыхуэмыгъэщхьэпэжу мэхъу, дагъуэ зэрагъуэтам къыхэкIыу. ИтIани, ди IэхэмкIэ пхъэнкIийр зэрыIутхыжыфым хуэдэ дыдэу, Iэпкълъэпкъми хэтщ ар зыгъэкъабзэ къару. Абы и лэжьэкIэр къызэпыудмэщ кIуэцI узхэр къыщыхьейр. Дауэ-тIэ зэрекIуэкIыр а Iэпкълъэпкъым и зызэлъыIухыжыкIэу «аутофагие» зыфIащар?

Зи гугъу тщIы Iуэхугъуэр Iыхьэ зыбжанэу зэхэлъщ. Iэпкълъэпкъым япэщIыкIэ дагъуэ зиIэ хъуэмбхэр (клеткэхэр) адрейхэм къахецIыхукIри, дамыгъэ гуэр ятредзэ, узыншэхэм яхимыгъэзэрыхьу. А пкъыгъуэ мыузыншэхэр пкъым къыхэзышыфыну хъуэмбхэм зэреджэр «лизосом»-щ. Мо дамыгъэ зытрадза хъуэмб лейхэмрэ лизосомхэмрэ зы мэхъури, хьэлъэзешэ папщIэу къэсэбэп иужьрейхэм Iэпкълъэпкъыр зыхуэмейхэр ягъэткIун щIадзэ. ЛIэужьыгъуэ зыбжанэу зэхэт аутофагием и Iыхьэхэр къедбжэкIынкъым, псалъэщIэхэр куэдыIуэ хъумэ, зыгурыбгъаIуэм ухоззэрыхьыж. Ауэ уи фIэщ пщIын хуейр зыщ: дагъуэ зиIэ хъуэмбхэр зыгъэткIу лизосомхэр нэхъыбэху, цIыхум и узыншагъэр зэтетщ.

Лабораторэхэм щрагъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм яужькIэ, гъащIэр процентu 10 - 30-кIэ нэхъ кIыхь зэрыхъум гу лъатащ. Лизосомхэм я къаруми бжыгъэми нэхъ хэзыгъахъуэ Iэмалу къалъытащ Iэпкълъэпкъым ерыскъыр пIалъэкIэ пэубыдыныр. Мы Iуэхум теухуауэ цIыхухэм ябгъэдэлъ щIэныгъэр ипэкIэ зыгъэкIуэтахэм хабжэ зи цIэ къитIуа япон къэхутакIуэ Осуми Ёсинори.

«ПIалъэ-пIалъэкIэ зэпыгъэуа нэщIыкIэ» («интервальное голодание») жаIэри Iэмалыщ1э гуэр къагъэщхьэпэ иджыпсту дохутырхэм. Сыхьэт бжыгъэ зэхуэмыдэкIэ абыхэм цIыхур шхэну хуит ящI, итIанэ пIалъэкIэ ягъэнэщI, апщIондэху тхьэмщIыгъуми, хуэми, Iэпкълъэпкъым и адрей пкъыгъуэхэми я лэжьэкIэр йофIакIуэ. Абы къикIращи, ерыскъы зэхьэлIэныр зэпыбгъэуху, ар пхуэзыгъэкъабзэ икIи пхуэзыгъэузыншэ лизосомхэр нэхъыбэ мэхъу. Абыхэм пкъым и лэжьэкIэр зылъахъэ «пхъэнкIийр» ягъэткIу къудейкъым, зэрызэхэт IыхьэкIэ зэпкърагъэху, щIэрыщIэу я къалэныр зыгъэзэщIэф хъуэмб узыншэ къахэкIыжын хуэдэу.

Лизосомхэр зэрыщыIэр япэу жызыIар Дюв Кристианщ, абы 1963 гъэм физиологиемкIэ Нобель и цIэр зезыхьэ саугъэтыр хуагъэфэщауэ щытащ. Абыхэм нэмыщI, иджыри къызэIуахащ хъуэмб нықъуэдыкъуэхэр лизосомхэм я деж езышалIэ, «шыгу» папщIэу лажьэ хъуэмбхэр.

Зэман гуэркIэ лизосомхэр ауэ сытми Iэпкълъэпкъым къыхуэмыщхьэпэж клеткэу къалъытэу къекIуэкIащ. Абыхэм я мыхьэнэр зэрыин дыдэр дунейпсо цIыхубэм я фIэщ зэрищIарщ Ёсинори саугъэтышхуэр щIыхуагъэфэщар.

Осуми и къэхутэныгъэхэм пщагъэ, хъуэмб зырызу зэхэт кIытэр (дрожжхэр) къыщигъэщхьэпащ. Сыхьэт бжыгъэ дигъэкIыурэ, ар микроскопкIэ хъуэмбхэм я лэжьэкIэм кIэлъыплъащ, апщIондэху мобыхэм зэрызахъуэж щIыкIэм гу лъитащ. Ярикъун хуэдиз шхын яIэрыхьэмэ, абыхэм захъуэжыщэртэкъым. Ауэ шхыныр паубыдмэ, «аутофагосом» жыхуаIэ хъуэмб лIэужьыгъуэхэр я кIуэцIым щыбагъуэрт. НэгъуэщIу жыпIэмэ, ерыскъыр зыпэбубыд пкъыгъуэм и зыхъумэжыкIэ къарум хэхъуэрт.

АдэкIэ къэхутэныгъэхэр цIыху Iэпкълъэпкъым щрагъэкIуэкIри, ардыдэм щыхьэт техъуащ, ар зыгъэкъабзэ лизосомхэр зыгъэбагъуэ лIэужьыгъуэхэр 15 фIэкIа зэрымыхъум гу лъатащ.

Осуми и къэхутэныгъэхэр къыщигъэнаIуэм, адрей щIэныгъэлIхэми аутофагием гулъытэ хуащIу щIадзэри, къэхутэныгъэхэр щIагъэхуэбжьащ. Иужьрей илэс 20-м къриубыдэу, мы Iуэхугъуэм теухуа щIэныгъэ лэжьыгъэхэм я бжыгъэр щэ зыбжанэкIэ хэхъуащ. Къахута псори къызэщIэпкъуэжмэ, шэч къытумыхьэжу пхужыIэнур зыщ: Iэпкълъэпкъым и «зыгъэкъэбзэжын» къарур ерыскъы зыхуэгъэныкъуэным - аутофагие хъужым - егъэлеяуэ щIегъэхуабжьэ. Псалъэм папщIэ, лыш къызэуэлIам и Iэпкълъэпкъыр гъащIэм зэрепхъуэ IэмалхэМ язщ аутофагиер. Узыр ятэу щытми, абы и фIыгъэкIэ Iэпкълъэпкъыр къызэтонэ. Арагъэнщ мы узыфэр зэфыкIхэр нэщIыным щIрагъэувалIэр. А Iэмал закъуэр къэзыгъэщхьэпэу къелахэри щыIэщ. Альцгеймер, Паркинсон сымэ я цIэхэр зезыхьэ уз хьэлъэхэр щIыхэтIасэр, зэрыхуагъэфащэмкIэ, лизосомхэм ахэр къэзыхь хъуэмбхэр ягъэткIуну, зэпкрагъэхуну зэрыхунэмысырщ.

ЩIэныгъэмрэ Алыхьталэм КъурIэн лъапIэм къыщытхуищI унафэмрэ быдэу зэрызэпхам и щыхьэтщ тхыгъэм и пэм щегъэжьауэ дгъэкIэрахъуэ «аутофагие» псалъэ гъэщIэгъуэным и мыхьэнэр. Аращ, уегупсысмэ, нэщI зыIыгъ Iэпкълъэпкъым и узыншагъэр щIефIакIуэр къыбгурызыгъаIуэр.

Ди республикэм и щIыпIэ телъыджэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыпIэ телъыджэ куэд дагъэцIыху Урыс географие зэгухьэныгъэм и къудамэу ди хэгъэгум щыIэм хэт щIалэгъуалэм. Псом хуэмыдэу абыхэм я кIуапIэщ щIы щIагъхэмрэ бгъуэнщIагъхэмрэ.

ИДЖЫБЛАГЪЭ апхуэдэ зы экспедицэ щекIуэкIащ Хумалан щIыпIэм. Ар къызэрагъэпэщащ Урыс географие зэгухьэныгъэм и щIыналъэ щIалэгъуалэ центрымрэ «Альтаир» клубымрэ, Урыс географие зэгухьэныгъэм и щIалэгъуалэ зэщIэхъееныгъэр илъэсипщI зэрырикъум и щIыхькIэ.

Экспедицэм хэт цIыхуи 7-р Налшык псыр къыздыщIэж Су-Акан щIыпIэм деж щыIэ бгъуэнщIагъ куум ехащ. Спелеолог, туризмэм и ветеран Шамрай Анатолий зэрыжиIамкIэ, Су-Акан бгъуэнщIагъыр 1976 гъэм къихутащ. Уеблэмэ, Анатолий къызэрилъытэмкIэ, а къэхутэныгъэращ районым и щIыуэпс телъыджэр джыпнымкIэ статусыр щIэзыгъэбыдар. КъыкIэлъыкIуэ илъэсхэм я щIыпIэм и деж Налшык псыр зыгъэнщI щIыщIагъ псыкъуийхэр къыщагъуэтащ - «НСС-53», «НСС-75», «Калибр нэхъыщхьэ», нэгъуэщIхэри.

Гугъуагъым и етIуанэ категорием хохьэ Су-Акан бгъуэнщIагъыр, абы и кууагъыр метр 30 мэхъу. ЩIалэхэм социальнэ сетьхэм кърalъхьа видеохэр умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым. ЦIыху Iэпкълъэпкъыр ерагъыу зэрыхуэ кумбщ щIы щхьэфэм щыплъагъур. Абы ерагъыу зригъэзагъэри, кIапсэм пыщIауэ бгъуэнщIагъым йох. Нэхъ кууууэ ехыхуи, нэхъ IэхуитлъэхуиТ мэхъу псыкъуийр. И лъащIэм нэса нэужь, хуитышхуэщ, псыхэр щежэхыу. Абы щIалэгъуалэм къыщакIухьурэ сурэтхэр, видеохэр трахащ. Уеблэмэ, псыкъуий кIуэцIым шей щефащ.

Гъэм и хуабэгъуэм бгъуэнщIагъым мэзым къыщIэж псыхэр йолъадэ. Абы и лъабжьэмкIэ укъыщеплъмэ, псыкъелъэ хуэдэу укъыIуоплъэ. ЩIымахуэм мэщтри, мыл Iыхьэшхуэхэр и лъащIэм нэс йох.

Псыкъуий лъэгур лъэныкъуитI ищIыкIащ: ипщэкIэ къэкIухьыпIэ гъуэщэщ, ищхъэрэкIэ псы щожэх. Экспедицэм хэтхэм а гъуэщапIэ щIыпIэр къыщызэхакIухьым къупщхьэ гуэрхэри къагъуэтащ, зэрыхуагъэфэщамкIэ, ар кавказ домбейм и къупщхьэхэрщ.

Урыс географие зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ щIалэгъуалэ центрым и унафэщI Мокаев Тенгиз зэрыжиIэмкIэ, экспедицэм ипкъ иткIэ, республикэм и нэгъуэщI щIыпIэхэм кIуэну яубзыхуащ, иджыри здынэмыса бгъуэнщIагъхэри хэту. Зи гугъу тщIы юбилей спелеологие экспедицэр Къэбэрдей-Балъкъэрым Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм и дэIэпыкъуныгъэкIэ йокIуэкI.

ДАРИЙ Дахэнур.

МелыIычым и тыгъищ

АЛЫХЬТАЛЭМ Iэдэм бегъымбарыр къыщигъэщIам щыгъуэ, Джэбрэил мелыIычыр абы и деж тыгъищ иIыгъыу къигъэкIуауэ щытащ (тIуми Алыхьым сэлам къарих). Ахэр: щIэныгъэ, нэмыс, акъыл. Джэбрэил Iэдэм жреIэ:

- Хэди зы къыхэх.

Тхьэм и нэфIыр зыщыхуа Iэдэм акъылыр къыщыхихым, Джэбрэил нэмысымрэ щIэныгъэмрэ «фыкъыздикIам фыкIуэж» яжриIащ. АрщхьэкIэ щIэныгъэмрэ нэмысымрэ ядакъым:

- Дэ щыри псэхэм я дунейм дыщызэгъусащи, Iэпкълъэпкъхэм я дунейми зэпэIэщIэ зыщытщIынукъым. Дэ тIур дэнэ дыкъыщыхутэу щытми, акъылым и ужь дикIынукъым.

- Щхьэж къылъыс щIыпIэр фубыдыж! - яжреIэ Джэбрэил. Арати, акъылыр щхьэ куцIым итIысхьащ, щIэныгъэм гум зригъэзэгъащ, нэмысым нэм зыщигъэпщкIуащ.

ЩIэныгъэр - псалъитI-щыкIэ

Ислъам тхыдэм зи цIэр фIыкIэ къыхэщ хъалиф цIэрыIуэ Iэл-Рашид Хьэрун чыристан дохутыр иIэт. Зэгуэрым а дохутырыр Уакъид и къуэ Хъусен ещащ: «ЩIэныгъэр лIэужьыгъуитI мэхъу: фIэщхъуныгъэм епхамрэ Iэпкълъэпкъым, медицинэм теухуамрэ. Ауэ щыхъукIэ, фэ фи тхылъым медицинэм теухуауэ зыри иткъым».

- ПЭЖКЪЫМ жыпIэр, - кърitащ жэуап Тхьэр арэзы зыхуэхъуным. - Алыхьталэм медицинэр зэрыщыту зы Iэят ныкъуэм щызэхуихьэсащ.

- Сыт хуэдэ Iэят ар?

- «Фефэ, фышхэ, ауэ евмыгъэлей» (7:31).

- ГурыIуэгъуэщ. Фи Бегъымбарым *(щэлатымрэ сэламымрэ зэхам)* жыIэгъуэ гуэр иIэ, медицинэм теухуауэ?

- ИIэщ. Алыхьым и ЛIыкIуэ лъапIэм медицинэм епха псори псалъэуха къызэрыгуэкI зыбжанэм къыщиIуэтащ.

- Сыт хуэдэ псалъэуха ахэр?

- «Лъатэр - узыфэхэм я унэщ, мардэм тету шхэныр *(диетэ)* - уз псоми я хущхъуэщ. Дэтхэнэ Iэпкълъэпкъри езым нэхъ хуэщым *(езэгъым)* зэрытевгъэтыным фыхущIэкъу».

- Фи тхылъым итымрэ фи Бегъымбарым жиIахэмрэ яужькIэ, Гален *(зи гугъу ищIыр алыдж дохутыр цIэрыIуэрщ - Ч. М.)* медицинэм хищIыхьыжын щыIэкъым.

«Лъатэр - Iэпкълъэпкъым и псынэщ, лъынтхуэхэм я къару къигъэхъуапIэщ, - жиIэу щытащ иджыри Бегъымбар ЛъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам. - Ар узыншэмэ, лъынтхуэхэм узыншагъэ щызэбгрокI, сымаджэмэ - ахэр щхъухькIэ гъэнщIа мэхъу».

● Фи лъэIукIэ

Гъатхэпэм и нэмэз щIыгъуэхэр

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр къыщыкъуэкIыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, тхьэмахуэ	05.11	06.41	12.28	15.33	17.57	19.37
2, блыщхьэ	05.09	06.39	12.28	15.34	17.58	19.38
3, гъубж	05.07	06.37	12.28	15.35	17.59	19.39
4, бэрэжьей	05.06	06.36	12.27	15.35	18.01	19.41
5, махуэку	05.04	06.34	12.27	15.36	18.02	19.42
6, мэрем	05.02	06.32	12.27	15.37	18.03	19.43
7, щэбэт	05.01	06.31	12.27	15.38	18.04	19.44
8, тхьэмахуэ	04.59	06.29	12.26	15.39	18.06	19.46
9, блыщхьэ	04.57	06.27	12.26	15.39	18.07	19.47
10, гъубж	04.55	06.25	12.26	15.40	18.08	19.48
11, бэрэжьей	04.54	06.24	12.26	15.41	18.09	19.49
12, махуэку	04.52	06.22	12.26	15.41	18.11	19.51
13, мэрем	04.50	06.20	12.25	15.42	18.12	19.52
14, щэбэт	04.48	06.18	12.25	15.43	18.13	19.53
15, тхьэмахуэ	04.46	06.16	12.25	15.44	18.14	19.54
16, блыщхьэ	04.45	06.15	12.24	15.44	18.16	19.56
17, гъубж	04.43	06.13	12.24	15.45	18.17	19.57
18, бэрэжьей	04.41	06.11	12.24	15.46	18.18	19.58
19, махуэку	04.39	06.09	12.23	15.46	18.19	19.59
20, мэрем	04.38	06.08	12.23	15.47	18.20	20.00
21, щэбэт	04.36	06.06	12.23	15.47	18.22	20.02
22, тхьэмахуэ	04.34	06.04	12.23	15.48	18.23	20.03
23, блыщхьэ	04.32	06.02	12.22	15.49	18.24	20.04
24, гъубж	04.30	06.00	12.22	15.49	18.25	20.05
25, бэрэжьей	04.29	05.59	12.22	15.50	18.26	20.06
26, махуэку	04.27	05.57	12.21	15.50	18.28	20.08
27, мэрем	04.25	05.55	12.21	15.50	18.29	20.09
28, щэбэт	04.23	05.53	12.21	15.51	18.30	20.10
29, тхьэмахуэ	04.21	05.51	12.20	15.52	18.31	20.11
30, блыщхьэ	04.20	05.50	12.20	15.53	18.32	20.12
31, гъубж	04.18	05.48	12.20	15.53	18.33	20.13

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм къыдитащ.

Уи ныбэр бгъэнэщIкIэ зэфIэкIынукъым

Шэджэм ЕтIуанэ къуажэм дэт мэжджытым и Iимам ХъуэкIуэн Арсен Рэмэдан мазэр къызэрыблэгъам, абы дызэрыхущытыпхъэм триухуащ и мэрем хъутIбэр. АдэкIэ къакIуэр абы щыщ пычыгъуэщ.

«СИ къуэш лъапIэ! Зы дакъикъи умыбэлэрыгъ, уи щхьэри къыумыгъэпцIэж, щIы нэхъыбэу нэмэз, нэхъыбэрэ КъурIэн еджэ, сэдэкъэ нэхъыбэу ты. Псалъэм папщIэ, сэджыт къыптехуэу щытмэ, уи мылъкум хэкIыпхъэр хэгъэкI, Алыхьталэр къызэрыпхуэупса фIыгъуэхэмкIэ уэри цIыхухэм яхуэупсэж. Зыгуэр къозыщIам хуэгъэгъу, уи гум гужьгъэжь гуэр илъу щытмэ, их. ЦIыхум и лэжьыгъэхэр блыщхьэмрэ махуэкумрэ Алыхьталэм и пащхьэм ирахьэж, жи. Хэт IуэхуфI ищIами, Iистигъфар къихьами, тобэ къихьыжами, Iах. АрщхьэкIэ зэфIэнаитIым, зэмыпсалъэу зэбийхэм я лэжьыгъэхэм кърагъэгъазэ, IэнэщIу къаутIыпщыж.

Мы мазэ лъапIэр духьэ нэхъыбэ щIыным и мазэщ. Ар Бегъымбар лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам и псалъэхэми къахощ: «НэщI ис цIыхум и духьэр жэуапыншэу къагъанэркъым».

Мы мазэр къэднэщIыныр Алыхьталэм къалэн къытщищIа Iуэхугъуэхэм ящыщу аращ. «Сыт ущIэнэщIыр?» - жиIэрэ зыгуэр къоупщIмэ: «Алыхьталэм ар къалэн къысщищIащи, и арэзыныгъэр къэзлэжьын папщIэ», - жытIэфын хуэдэу. Алыхьым нэщIым къыхидигъэхыну зыхуейр сыт жыпIэмэ, тхьэшынагъэ тхэлъыр наIуэ къищIыну аращ. Ар ныбэр зэрыбгъэнэщI къудеймкIэ зэфIэкIыркъым. АтIэ а ди ныбэм и гъусэу дгъэнэщIын хуейщ ди бзэгури, ди нэри, ди жьэри, ди лъакъуэри. Араши, сыт ищIыскIи умыбэлэрыгъ, ар цIыху хьэкъ теухуауи, Алыхь хьэкъ теухуауи, уеблэмэ хьеуан хьэкъ теухуауи. Дауи, мы IуэхугъуэхэмкIэ сыт хуэдэ зэманми дыбэлэрыгъ хъунукъым. Ауэ мы мазэм псом хуэмыдэжу абыхэм дахуэсакъын хуейщ».

● Мэкъумэш хъыбархэр

Жылэхэр ягъэхьэзыр

Россельхозцентрым и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм къызэритамкIэ, республикэм и мэкъумэшыщIэхэм гъатхасэр ныкъусаныгъэншэу ирагъэкIуэкIын папщIэ жылэу тонн мини 7-м щIигъу хуэныкъуэнущ мы гъэм, абы щыщу хьэцэпэцэмрэ джэш хъуреймрэ я жылэу - тонн мини 6,2-рэ.

ДИ мэкъумэшыщIэхэм къагъэсэбэп жылапхъэм и процент 80-м щIигъур ди къэралым къыщагъэкIахэрщ. КъищынэмыщIауэ, нартыху жылапхъэу республикэр мы гъэм зыхуеинур тонн мини 3,3-рэщ. Абы щыгъуэми, илъэс къэс тонн мин 15-м щIигъу кърехьэлIэж икIи, УФ-м и адрей щIыналъэхэм я мызакъуэу, хамэ къэралхэми ар яхурегъашэ.

Бэдрэжанымрэ нащэмрэ яхуобагъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш, фермер, уней IуэхущIапIэхэмрэ унагъуэхэмрэ, зэкIэ къызэрабжамкIэ, хадэхэкIыу, губгъуэми хуабэщхэми къыщагъэкIар зэхэту, тонн мин 466,7-рэ кърахьэлIэжащ нэгъабэ е 2024 гъэм щыIа бжыгъэхэм процентu 101,2-кIэ хуэкIуэу.

ГУБГЪУЭХЭМ щагъэкI хадэхэкIхэм гектар мин 16,5-рэ ирагъэубыдащ илъэс блэкIам икIи зы гектарым хуэзэу ику иту центнер 271-рэ къытрахыжащ. 2024 гъэм нэхърэ процентu 2,6-кIэ нэхъыбэщ ар.

ХадэхэкIхэм ящыщу КъБР-м нэхъыбэу щыхащIэ къэбыстэр, жэгундэр, пхъыр, бжьыныр, кIэртIофыр.

ЖыпIэнурамэ, республикэм и мэкъумэш, фермер, уней IуэхущIапIэхэмрэ унагъуэхэмрэ кIэртIофу тонн ми-ни 161,5-рэ къатIыжащ нэгъабэ - 2024 гъэм яхузэфIэкIам нэхърэ процент 0,5-кIэ нэхъыбэщ ар. Кавказ Ищхъэрэм СтатистикэмкIэ и управленэм къызэритамкIэ, зы гектарым хуэзэу центнер 231,5-рэ къытекIащ.

Ди республикэм кIэртIофым гектари 7-м щIигъу щыхухах илъэс къэс икIи ар нэхъыбэу хэзыщIэр унагъуэхэрщ.

Ауэ, дапхуэдэу хъуми, хадэхэкIым и куэдагъыр къыдэзыщIейр бэдрэжанымрэ нащэмрэщ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Адыгэ макъамэр зи псэм хэлъ бзылъхугъэ

● Щэнхабзэ

Бзэр, хабзэр зи Iэпэгъу бзылъхугъэ Iущщ Дзэлыкъуэ куейм хыхьэ Псынэдахэ къуажэм къыщалъхуа ШЭТХЭ Марьянэ. УэрэджыIакIуэщ, усэ тхынми дехьэх, КъБКъУ-м экономикэмкIэ и фэкулътетыр къиухащ. Абы Шэджэм дэт курыт школ №5-м щрегъаджэ. Лъэпкъ щэнхабзэм, адыгэбзэм ятеухуа и гупсысэхэм тедгъэпсэлъыхьыну дыхуэзащи, къыджиIам фыщыдогъэгъуазэ.

- Марьянэ, уэ нэгъуэщI IэщIагъэхэри уиIэщ, ауэ сэ укъызэрысцIыхуар уэрэд жыпIэуэщ.

- ГурыщIэ къабзэкIэ гъэнщIа сабиигум хъуэпсапIэ гуэр и гущIэм къыщоуш. Сэри си хъуэпсапIэт уэрэд жысIэу утыку ситыну. Адыгэ макъамэ зэхэсхмэ, си гу къуэпсым ирижэрти, си гур къызэфIэнэрт. Утыкум иту уэрэд жызыIэхэм сехъуапсэрт. Дзапэ уэрэдхэр сытым щыгъуи сIурылът.

Еханэ классым сыщIэсу уэрэд жыIэным сыдихьэхат. Курыт еджапIэм щрагъэкIуэкI махуэщIхэм сытым дежи уэрэд щыжысIэрт. А зэманым «Дахэнагъуэ» и фIэщыгъэу районхэм зэпеуэ къыщызэрагъэпэщу щытащ, а зэхьэзэхуэм къыхэжаныкIахэр Налшык къалэ яшэрти, абы щызэхашэ зэхьэзэхуэм щытекIуэмэ, сабийхэм саугъэтхэмкIэ къахуэупсэрт. Сэри апхуэдэ куэдым сыхэтыну къысхуихуащ икIи сытым щыгъуи япэ увыпIэхэр къэсхьащ.

Курыт еджапIэр 2000 гъэм фIы дыдэу къэзухати, Гъуазджэхэмкiэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым сыщIэтIысхьэну си гуращэт, ауэ си анэм ар къысхуигъэдэхакъым. Дэ адэ-анэм я жыIэм дыщIэту десати, абыхэм къытхуащIыр ди унафэт.

КъБКъУ-м экономикэмкIэ и факультетым сигуми си псэми дэмыхьэу си анэм и жыIэкIэ сыщIэтIысхьат, и гуапэ сщIымэ сфIэфIти, сэ къысхуиIэ мурадыр згъэзэщIащ.

Си щхьэр здэщымыIэ еджапIэм си пкъыр щыIэу седжэрт. Сытым дежи си гур зыгуэрым лъыхъуэрт. Сэ егъэджакIуэ IэщIагъэми сыдихьэхырт, сабийхэр фIыуэ зэрыслъагъум къыхэкIыу, ауэ и къегъэжьапIэ сщIынур къысхуэщIэртэкъым. Университетым илъэситI хуэдэ сыщеджауэ, сытегушхуащ егъэджакIуэ IэщIагъэри зэзгъэгъуэтыну. Си хъуэпсапIэр си адэ-анэм щажесIэм: «Хъунщ, уэзэрыхуейщ! ТIури пхуздэхьыну, хьэмэрэ?» - жиIэу мамэ къыщызэупщIым, сигурэ си щхьэрэ зэтелъу жесIащ сыкъызэригъэгугъэр.

ФIы дыдэу еджапIитIри къэзухащ, дипломитIыр сIыгъыу къуажэм згъэзэжащ. IэщIагъэитIымкIэ сигу загъэу си хъуэпсапIэр IэщIыб хъуакъыми, си мурадщ мы гъэм нэхъ фIэмыкIыу Гъуазджэхэмкiэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым сыщIэтIысхьэну. Уэрэд жыIэнымрэ усэ тхынымрэ си псэм хэлъщи, абыхэмкIэ щIэныгъэ сыхуейщ.

- Уи анэм къыпхухиха IэщIагъэм урилэжьа?

- Дзэлыкъуэкъуажэ район администрацэм илъэсибгъукIэ IэщIагъэлI нэхъыщхьэу сыщылэжьащ. ФIы дыдэу хэсщIыкI сыхъуат си IэщIагъэм. Ауэ, сабийхэм сахэтмэ нэхъ сфIэфIти, сызэдлажьэм сыкъыIукIыжри, Налшык къалэм дэт курыт еджапIэ №25-м сыуващ. Мы зэманым Шэджэм къалэм щыIэ курыт еджапIэ №5-м пэщIэдзэ классхэр щызогъаджэ.

- Адыгэбзэ дерсыр сыхьэт дапщэ хъурэ тхьэмахуэм хуэзэу?

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, япэ классым къыщыщIэдзауэ еплIанэм нэсыху, тхьэмахуэ псом къриубыдэу зы сыхьэт закъуэ къыдату аращ, адыгэбзэ дерс едгъэкIуэкIыну дыхуиту. Ауэ, дэ езым ди жэрдэмкIэ, дерс нэхъ мащIэ щыдиIэ махуэхэр къыдогъэсэбэпри, адыгэбзэмкIэ сыхьэтитI хыдогъэувэ. Тхьэмахуэм щэ идогъэIэф. Классым щIэс сабийхэм нэхъыбэрэ ди бзэмкIэ сызэрепсэлъэным сыхущIокъу. КIыщокъуэ Алим и усэм къыхэщ мы гупсысэр сытым дежи щапхъэу къэхузохь сабийхэм. «Адыгэбзэр зэзмыгъащIэу, урысыбзэр сщIэн слъэкIакъым!» Мы псалъэхэм хэбдзыну зы хэткъым. Уи анэбзэр дауэ IэщIыб зэрыпщIынур, нэгъуэщIыбзэм утехьэу. Ар щхьэм къигъэтIэсэгъуейщ. Пэжщ, бзэ куэд пщIэныр зэранкъым, ауэ анэдэльхубзэр псом нэхъапэщ. СхузэфIэкIамэ, дерсхэр адыгэбзэкIэ езгъэкIуэкIынт, ауэ классым адыгэбзэр къызыгурымыIуэ сабий зэрыщIэсым сыкъызэтрегъэувыIэ. Адыгэм ди махуэхэм ирихьэлIэу зэхыхьэ щхьэпэхэр къызызогъэпэщ. АдыгэбзэкIэ уэрэд жыIэным, усэ къеджэным зэрыхъукIэ ныбжьыщIэхэр дызогъэхьэх. Езы цIыкIухэми жысIэр зэрагъэзэщIэным яужь итщ. Ди бзэр къызыгурымыIуэу классым щIэс сабийхэми адыгэбзэр зрагъэщIэну хуеймэ ядогъащIэ.

- СызэрыщыгъуазэмкIэ, уи хъыджэбзми уэрэд жеIэ, Марьянэ.

- Фи нэмыс нэхъ лъагэ ухъуи, си хъыджэбзым сэрэ зэгъусэу уэрэд жыдоIэ. ЗэрыцIыкIурэ уэрэд жыIэным ари дехьэх, ауэ ар IэщIагъэу къыхихакъым, «уэрэд жыIэным сыдихьэхми, дохутыру седжэну сыхуейщ», щыжиIэм, дэсIыгъащ.

Курыт еджапIэм хъыджэбзыр щIэсыху мэхуэшхуэ зэхыхьэхэм уэрэд щыжиIащ, районым щрагъэкIуэкI зэпеуэхэм сытым щыгъуи хэтащ. Ар тегъэщIапIэ схуэхъури, сегупсысащ - уэрэд зэгъусэу жытIэмэ, дауэ хъуну пIэрэ?! «Iуэху мыублэ блэ хэсщ». Зэман куэд дэзмыгъэкIыу, Iуэхум яужь сихьащ. Жабоевэ Заирэ сщIэрт тхыгъэ дахэ и Iэдакъым къызэрыщIэкIри, селъэIури, «Зэанэзэпхъу» и фIэщыгъэу уэрэд езгъэтхащ. ИкIи, ар зэгъусэу жытIэу утыку дихьащ. Ар зэхэзыхахэм ягу дыхьауэ къыщысщIэм, «Анэкъилъху» уэрэдри езгъэтхащ. Си анэкъилъху закъуэр сызэримыIэжым къыхэкIыу, абы фэеплъ хуэсщIащ. Ари цIыху куэдым дзапэ уэрэд яхуэхъуауэ зэхызохри си гуапэщ. ХьэгъуэлIыгъуэхэм, махуэшхуэ джэгухэм срагъэблагъэурэ а уэрэдыр щызогъэзащIэ. Сэ езыр илъэсибгъу ныбжьым сызэритрэ усэ тхыным сыдехьэх. СыщыцIыкIум зыгуэрхэр стхырти згъэпщкIужырт. Иджы а зэманым стхахэми сахоплъэж, щIэи сотх. Иджыблагъэ Бейтыгъуэн Жамболэт си IэдакъэщIэкIхэм ящыщ къищтэри макъамэ щIигъэуващи, си гуапэщ ар игъэзащIэу щызэхэсхкIэ.

- Усэ тхыным ущыдихьэхкIэ, уэ езыми къыпхуэгъэщIыну къыщIэкIынщ уэрэди?

- Зи IэщIагъэм хуэIэижь уэрэдусхэм я IэдакъэщIэкIахэмкIэ къыщIэздзэмэ нэхъ къэсщтащ. Си усэхэм ящыщ ХьэIупэ Анзор макъамэ щIезгъэлъхьауэ жызоIэ. Адыгэ макъамэр си псэм хэлъщ. Сызэрыадыгэм срогуфIэ, срогушхуэ, сропагэ. Ди бзэмрэ хабзэмрэ нэхъ къулей дунеишхуэм темыту къысщохъу. ДыщыцIыкIум ди нэхъыжьыфIхэм къытхалъхьа хьэл-щэн дахэр езгъаджэхэми си бынхэми яхэслъхьэным сыхущIокъу.

- Упсэу, Марьянэ. Уи IэщIагъэм и хьэр плъагъуу, уи мурадхэр къохъулIэу, уи адэ-анэр къыпщхьэщыту куэдрэ Тхьэм уигъэпсэу!

Епсэльар **КЪАНКЪУЛ Раисэщ.**

ГъащIэщIэм хуэпабгъэхэр

КъБР-м щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министр Лу Азэмэтрэ Прохладнэ къалэм и Iэтащхьэ Кожухов Кириллрэ щIыналъэм щекIуэкI жылагъуэ Iуэхухэм жыджэру хэт щIалэгъуалэм яхуэзащ. Ахэр тепсэлъыхьащ мы зэманым зыIууэ гугъуехьхэм, абыхэм я хэкIыпIэхэм, псэкупсэ лъапIэныгъэхэр хъумэным, къалэ щIалэгъуалэм я щхьэ Iуэху зэрахуэжынымкIэ щыIэ Iэмалхэм зегъэубгъуным.

ЩХЬЭХУЭУ къытеувыIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и унафэкIэ, а районым щащIыну щIалэгъуалэ зэхуэсыпIэм и зэхэлъыкIэу щытынум, абы хагъэхьэнухэм икIи жаIащ а ухуэныгъэр щаубзыхукIэ щIалэхэм я Iуэху еплъыкIэр къызэрыхалъытэнур. Ар «Прохладнэ щIалэгъуалэм я къалэщ» программэм хыхьэу къызэIуахыну аращ.

Лу Азэмэт зэрыжиIамкIэ, Прохладнэм и щIалэгъуалэ центрыр «ЩIыналъэр щIалэгъуалэм папщIэ» президент программэм ипкъ иткIэ яухуэ, ар метр зэбгъузэнатIэ 1000-м щIегъу, мы илъэсым и кIэ пщIондэ ухуэныгъэр яухыу, и бжэхэр къызэIуахыну я мурадщ.

КъулыкъущIэхэр а махуэм яхэплъащ творческэ гупжьейхэмрэ спорт секцэхэмрэ я лэжьэкIэм, апхуэдэуи абыхэм екIуалIэ ныбжьыщIэ зэчиифIэхэмрэ жанхэмрэ епсэлъащ. Министрым прохладнэдэс ныбжьыщIэхэр Налшык къригъэблэгъащ ЩIалэгъуалэм я унэм зыщаплъыхьыну, абы щекIуэкI, IэщIагъэм щыхагъэгъуазэ зэхыхьэхэм хэтыну. «Иджыпсту мы ныбжьым итхэм зэхъуэкIыныгъэфIхэр ипэкIэ ягъэкIуатэ, ар икъукIэ узыщыгуфIыкIынщ. Абыхэм я жэрдэмхэм, зытегушхуэхэм, гупсысэхэм къыбжаIэ нэхъыщхьэ дыдэр - гъащIэщIэ яухуэным зэрыхуэпабгъэр икIи зэрыхуэхьэзырыр. Мыхьэнэшхуэ иIэщ а Iуэхум щIэгъэкъуэн дызэрыхуэхъуфым. Лъэпкъ проектхэмрэ республикэм и унафэщIхэм къыхалъхьэхэмрэ я фIыгъэкIэ Прохладнэ округым иджырей инфраструктурэ къыщызэрагъэпэщ», - жиIащ Азэмэт.

Хабзэ зэрыхъуам тету, КъБР-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэм икIа гупымрэ щIыналъэм фIыуэ щацIыху, ехъулIэныгъэфIхэр зиIэ «Энергетик» командэмрэ футбол зэдэджэгуащ.

ДАРИЙ Дахэнур.

Унагъуэхэм нэхъыбэ яухуэ

2025 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым псэупIэу щаухуар псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ мин 642,5-рэ хъуащ. Абы ипэ ита илъэсым нэхърэ проценти 5,2-кIэ нэхъыбэщ ар.

КЪАПЩЫТЭЖ пIальэм къриубыдэу республикэм унэу псори зэхэту щаухуэм щыщу метр зэбгъузэнатIэ мин 420-р унагъуэхэм яIэтащ икIи 2024 гъэм яхузэфIэкIам елъытауэ процент 13,5-кIэ нэхъыбэщ ар.

Ухуэныгъэхэр езыгъэкIуэкI IуэхущIапIэхэм метр зэбгъузэнатIэ мин 222,5-р къальос (2024 гъэм метр зэбгъузэнатIэу мин 240,9-рэ яухуащ абыхэм). Илъэс блэкIам къат куэду зэтет унэу 73-рэ яIэтащ, псори зэхэту фэтэр мини 6,6-рэ хъууэ.

Унагъуэхэм нэгъабэ яухуащ псэупIэу мини 3,1-рэ. Къуажэхэм унэу щаIэтащ псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ мин 313,6-рэ икIи 2024 гъэм яхузэфIэкIам нэхърэ процентi 6,3-кIэ нэхъыбэщ ар.

ИпэIуэкIэ хъыбар зэрыщыIамкIэ, 2025 гъэм и щIышылэм - щэкIуэгъуэм кърыубыдэу республикэм щаухуащ псэупIэу псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ мин 593-рэ. Ар процент 17-кIэ нэхъыбэщ 2024 гъэм яхузэфIэкIам елъытауэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Ирланэ ди япэ чемпионщ

● Бокс

Ставрополь крайм и Суворовскэ станицэм щекIуэкIащ боксымкIэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм пашэныгъэ къыщыхьынымкIэ щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ я зэпеуэ.

НАЛШЫК дэт курыт еджапIэ №7-м и 7-нэ классым щIэс Тхьэгъэлэдж Ирланэ абы текIуэныгъэ къыщихьащ. КИФЩI-м ар щыхъуащ боксымкIэ ди республикэм и япэ чемпион пщащэ.

Ирланэ хэтыну зэгъэхьэзыр Чехов къалэм щекIуэкIыну урысейпсо зэпеуэм. Тхьэгъэлэдж Ирланэ боксымкIэ и гъэсакIуэщ Вэрокъуэ Беслъэн. Абы жиIащ и гъэсэным къехъулIар ерыщу икIи емызэшу зызэрипсыхьам зэриIэужьыр, адэкIи ехъулIэныгъэ куэдкIэ зэрыщыгугъыр.

НАФIЭДЗ Данэ.

Сакъын зэрыхуейр зыхрагъащIэ

«Нэмыс» республикэ социально-реабилитацэ центрым щекIуэкIащ Урысей МВД-м и Налшык управленэм и полицэм и къудамэ №1-м и лэжьакIуэхэм къызэрагъэпэща Iуэху щхьэпэ. Ар теухуат балигъ мыхъуахэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ дзыхьщIыгъуэджэ щIалэгъуалэ гупхэм зыпащIэ зэрымыхъунум яхутепсэлъыхьыным, апхуэдэуи ягу къагъэкIыжащ сетым щысакъыным и мызакъуэу, гъуэгухэми шынагъуэншэу щытетын зэрыхуейр.

IУЭХУ щхьэпэм хэтащ жылагъуэ IуэхущIапIэхэмрэ социальнэ IэнатIэхэмрэ я лIыкIуэхэри. ХьэщIэхэм ящыщт КъБР-м щыIэ МВД-м дэлажьэ Жылагъуэ советым хэт Газаев Мэсхьут, КъБР-м ис Муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм и унафэщIым и дэIэпыкъуэгъу Амщокъуэ Анджелэ, Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэм жыджэру хэт Урысбий Мадинэ, Лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ министерствэм и лэжьакIуэ Бэчкъан Лианэ, апхуэдэуи республикэм щыIэ МВД-м экстремизмэм пэщIэтынымкIэ и центрым и лIыкIуэр.

Полицейхэм ныбжьыщIэхэм жраIащ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэр интернетым къемызэгъхэр щызэбгрегъэхыным зэрыпэщIэтыр. Гурагъэlуащ щIалэгъуалэр экстремист, террорист гупхэм зэрыхашэ щIыкIэр, апхуэдэ IуэхукIэ уи ужь къихьэмэ, ар къызэрыпщIэфынур. Хэхауэ тепсэлъыхьащ хабзэм къемызэгъ щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэу шынагъуэ зыпылъынкIэ хъунухэм, гурагъэIуащ апхуэдэхэр къызэрыгуэкI гупхэм къазэрыхэпцIыхукIыфынур.

Къызэхуэсахэр тепсэлъыхьащ балигъ мыхъуахэр апхуэдэ гупхэм къыщыхутэу хабзэншагъэхэр щIалэжьым и щхьэусыгъуэхэм. Полицейхэм абыхэм ягу къагъэкIыжащ умыцIыхухэм интернеткIэ, телефонкIэ ущепсалъэкIэ сакъын зэрыхуейр. Къыхагъэщащ адэ-анэхэм, егъэджакIуэхэмрэ ныбжьэгъухэмрэ дзыхь яхуэщIыным мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

КъБР-м щыIэ МВД-м и ЦПЭ-м и лэжьакIуэр щхьэхуэу къытеувыIащ интернетым и зэраныгъэм, социальнэ бэджыхъэр къагъэсэбэпурэ балигъ мыхъуахэр экстремист гупым зэрыхашэм. Апхуэдэуи ягу къигъэкIыжащ илъэс 18 ныбжьым нэмысахэми хуит ямыщIа акцэхэм, зекIуэхэмрэ пэкIухэмрэ хэтмэ абыкIэ жэуап зэрахьыр.

Къэрал автоинспекцэм и лэжьакIуэм центрым и гъэсэнхэм ягу къигъэкIыжащ гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэхэр, ягуригъэIуащ рулым удэтIысхьэну хуит ущащI ныбжьыр. Хэхауэ гу лъаригъэтащ пщыхьэщхьэмрэ пшагъуэу щыщытымрэ щыгъыным нэху къэзыт пкъыгъуэхэр телъмэ, гъуэгу-транспорт къэхъукъащIэхэр зэригъэмащIэр.

ЗэIущIэм хэтахэм яфIэгъэщIэгъуэнхэм щIэупщIащ икIи, жэуап зэпкърыхахэр, чэнджэщ щхьэпэхэр къаIэрыхьащ. Ахэр сэбэп хъуащ ныбжьыщIэхэм сакъын зэрыхуейр зыхащIэнымкIэ, зэрызыщаIыгъыпхъэм ехьэлIауэ.

БАХЪСЭН Ланэ.

НэхъыфIхэм я лъэхъэнэ

Налшык къалэм ГъуазджэхэмкIэ и сабий школ №1-м и гъэсэн уэрэджыIакIуэ ныбжьыщIэхэу Акоповэ Амелие, Апэнэс Беллэ, Iэрэмысэ Алихъан, Iэхъуэбэч Алия, Бэджрэт Алинэ, Ким Виктор, Отаров Омар, МафIэдз Елдар, Сунш Афинэ, Щхьэгъэпсэу Мурат сымэ, къэралым зэфIэкI зиIэ и ныбжьыщIэ миным щIигъум я гъусэу, хэтащ «Время лучших»: «Россия - Время любви!» урысейпсо зэпеуэм и кIэух концертым. Ар егъэкIуэкIыныр и жэрдэмщ УФ-м и цIыхубэ артисткэ Цой Анитэ.

ГЪУАЗДЖЭХЭМКIЭ сабий школ №1-м уэрэд жыIэнымкIэ и егъэджакIуэ ПIаз Аннэ жиIащ нэгъабэ къэралым и къалэ зэмылIэужьыгъуэхэм щекIуэкIа «Время лучших» зэпеуэм щытекIуахэр иужьрей концертым зэрырагъэблэгъар, саугъэт къыхуащI папщIэу.

Ди республикэм и артист ныбжьыщIэхэм утыкушхуэм щекIуэкIа кIэух концертыр щIэщыгъуэ икIи гукъинэж ящыхъуащ. Дэтхэнэми артист цIэрыIуэхэм я гъусэу уэрэд жаIэну Iэмал яIащ. Концертым хэтащ уэрэджыIакIуэхэу Шаляпин Прохор, Зарэ, Гурцкая Дианэ сымэ, нэгъуэщIхэри.

Цой Анитэ къыхигъэщащ ныбжьыщIэхэм зэфIэкI зэраIэр, абыхэм нэхъри зыкъызэкъуахынымкIэ мыпхуэдэ зэхыхьэхэр зэрыщхьэпэр. Къэралым и Уардэунэм щекIуэкIа концертыр Урысейм зэфIэкI зиIэ и щIэблэм я зэхыхьэшхуэ хъуащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

ЦIыхухъури и джэдури кърагъэлащ

Урысей МВД-м Май районым щиIэ къудамэм хъыбар кърагъэщIат Май къалэм дэт псэупIэ унэм мафIэс къызэрыщыхъуам теухуауэ. Ар псынщIэу Iэрагъэхьащ а щIыпIэм нэхъ пэгъунэгъуу щыIэ плъырпост къулыкъум и гупым.

ЩIЫПIЭМ нэсри, гъунэгъухэм полицэм и лэжьакIуэхэм къыжраIащ унэр зей цIыхубзым и къуэр абы щIэсынкIэ зэрыхъунур, илъэс 47-рэ зи ныбжь цIыхухъур езырезыру зэрыземыкIуэфыр. ЩтыкIэр зэпалъытщ, мафIэр зылъэмыIэса лъэныкъуэмкIэ гъэза щхьэгъубжэр хаудри, хабзэхъумэхэр унэм щIыхьащ. Пэшхэм я зым гъуэлъыпIэм деж къэмэхауэ илът цIыхухъур. Полицейхэм ар къыщIахри, къэса медицинэ лэжьакIуэхэм иратащ. Сымаджэщым яшэри Iугъуэм и зэран зэкIа цIыхухъум и щытыкIэр дохутырхэм зэтрагъэувэжащ.

МафIэсгъэнкIыфIхэм метр зэбгъузэнатIи 100-м щагъэункIыфIащ уэздыгъэ кIапсэм сэкъат зэриIэм крикIуар.

Кърагъэлам и шыпхъум фIыщIэ яхуищIащ полицэм и сержантхэу Балъкъэр Муратрэ ГъукIакъуэ Иналрэ, сержант нэхъыщIэ Къумыкъу Ислъам сымэ, и дэлъхур щытыкIэ гугъу щихуам зэрыдэIэпыкъуам папщIэ.

Махуэ зыбжанэ дэкIауэ, ар къыщыхъуа щIыпIэм теухуа сюжет ягъэхьэзыру, плъыр-пост къулыкъум и лэжьакIуэхэм джэду пщIэу макъ зэхахащ. Ар мафIэсыр зэран зыхуэхъуа пэшхэм язым къыщIэна джэдурт. Щхьэгъубжэмкiэ щIыхьэпIэр ягъэкъабзэщ, ар къыщIахри, лей зытехьа цIыхухъум и Iыхьлым иратыжащ.

УАРДЭ Жантинэ.

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр пщэдей къыдэкIынущ.

Иджы жэщми къыщажыхьынущ

Iуащхьэмахуэ и джабэ нэкIум жэщкIэ къыщажыхьыну туристхэм Iэмал ягъуэтащ иджы. Гъуэгум и кIыхьагъыр километри 2,4-рэ мэхъу икIи махуэ къэс абы тохьэ ику иту цIыху 500-м нэблагъэ. Аращи, Iуащхьэмахуэ и джабэ нэкIухэр, зэрыжаIэу, зэи нэщI хъуркъым.

«IУАЩХЬЭМАХУЭ лъапэ жэщми къыщыбжыхь хъууэ 2025 - 2026 гъэхэм я щIымахуэ лъэхъэнэм едгъэжьэныр туристхэр куэд щIауэ зыпэплъа Iуэхугъуэщ. Абы щхьэкIэ къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ гъуэгу щыдухуащ километри 2,4-рэ и кIыхьагъыу, уэздыгъэхэр зыпыдза пкъоуэ 54-рэ щыдгъэуващ икIи лэжьэн зэрыщIидзэрэ цIыху мини 7,5-м а щIыпIэм къыщажыхьащ», - щыжаIащ Кавказ.РФ-м.

Япэхэм жэщкIэрэ а гъуэгум къыщыбжыхь хъууэ щыщытар махуэкум щегъэжьауэ тхьэмахуэ махуэ къэс пщIондэт. Ауэ мазаем и 13-м курортым и администрацэм унафэ къищтащ махуэ къэс туристхэм абы къыщажыхь хъуну.

Кавказ.РФ-м и унафэщIым и къуэдзэ Беккаев Хьиса зэрыжиIамкIэ, гъуэгур щыIэ мардэм къотIасэ икIи лыжэкIэ къежэхыныр зи IэщIагъэхэми абы дихьэххэми ар я зэхуэдэщ.

«А щIыпIэм куэдрэ уащрохьэлIэ FWQ-м и чемпионхэу, республикэм и спортсмен Узденов Идрис, Матковский Алим, Вукович Софие сымэ, нэгъуэщIхэми. Жэщми джабэ нэкIум къыщажыхьыну хуит щIыным дызэрыхуэкIуам къыхэкIыу, инженер-техникэ къулыкъум и лэжьыгъэми къыхэхъуащ, ауэ, дауэ хъуми, ар зыхуэунэтIар хьэщIэхэм я гукъыдэжыр къэIэтынымрэ тыншыпIэхэр къахузэгъэпэщынымрэщ», - жиIащ Беккаевым.

Мыдрейуэ, жэщкIэ лыжэхэмкIэ джабэ нэкIум къызэрыщажыхьым къыдэкIуэу, туристхэм яхэтщ Iуащхьэмахуэ и щIыпIэ дахэхэм а зэманым сурэтхэр тезыххэри зыплъыхьакIуэхэри.

ЩЭУЕЙ Болэ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жьэклэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор),* **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор),* **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь),* **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариannэ, Щхьэщэмыщl Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.245
Заказыр №287

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня**, *корректорхэу* **ПхытIыкI Марие** *(1, 4-нэ нап.)*, **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.)*

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ, Щомахуэ Мариannэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.